

# **MANUAL YEZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI**

**PAMUSORO**

**PEKUGADZIRISA KUKONANA**

**RAKANYORWA NA**

**DANIEL L. BUTTRY**

Rikaiswa muchishona naPhillip Mudzidzi

# MANUAL YEZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI PAMUSORO PEKUGADZIRISA KUKONANA

## ZVIRIMUKATI

Mavambo

Zvidzidzo zveBhaibheri zvinodzidzwa vadzidzi vachitora chikamu

Kusvikira vetsika dzerumwe rudzi nezvidzidzo zveBhaibheri

Mashandisiro atingaita bhuku rino rezvidzidzo zvebhaibheri

Chikamu 1: Kuongorora zvinoitika mukupokana

Chidzidzo 1: Kukonana senzvimbo tsvene (Eksodosi 2:23-4:17)

Chidzidzo 2: Kukura kwekukonana (Genesis 3:8-13; 4:1-6; 4:19-24; 10:8-12)

Chidzidzo 3: Kukonana mumhuri (Genesis 25:19-34; 26:34-28:9)

Chidzidzo 4: Rwendo rwekuyanana (Genesis 28:10-33:20; 35:27-29)

Chikamu 2: Kugadzirisa kukonana

Chidzidzo 5: Kukonana pamusoro pekusanzwisisana (Joshua 22:10-34)

Chidzidzo 6: Muyanani anotsungirira (1 Samueri 25:1-35)

Chidzidzo 7: Kukonana nekuda kwezinokosheswa pachitendero (Mabasa 15:1-35)

Chidzidzo 8: Kuwana mhinduro inoita kuti vanhu vose vahwine (Numeri 31:1-33)

Chidzidzo 9: Pazvisingashandi (Mabasa 15:36-41)

Chikamu 3: Kumahombekombe nekwakadzika

Chidzidzo 10: Kukonana muboka roga roga (Mabasa 6: 1-7)

Chidzidzo 11: Kuwana izwi rako (Esiteri 4:1-17)

Chidzidzo 12: Mai vaichema nekugumbuka vanosimuka (2 Samueri 21: 1-14)

Chikamu 4: Kuita kunounza shanduko pasina mhirizhonga

Chidzidzo 13: Kuda muvengi kubudikidza nekuita kunounza shanduko (Mateo 5:38-48)

Chidzidzo 14: Kupa muvengi zvekudya (2 Madzimambo 6: 8-23)

Chidzidzo 15: Kusateerera kutsvene (Eksodhosi 1:15-22)

Chidzidzo 16: Kuita zviito zvinoratidzira (Ruka 19:28-44; Isaya 20:1-6; Jeremia 32:1-15)

Chidzidzo 17: Kukunda zvakaipa nezvakanaka (vaRoma 12:9-21)

Kwazvakabva

Mabhuku atingaverenga

## **Mavambo**

Jesu akati, “Vakaropafadzwa vanoyananisa, nokuti vachanzi vana vaMwari” (Mateo 5:9). Vayanansi vanopinda parikukonanwa vachizvipira kubudisa kunaka kwaMwari mune zvinenge zvichiitika, zvisinei kuti zvakaitika zvakaipa zvakadini. Nhasi uno mutauro wokuti, “Kugadzirisa kukonana” wakashandiswa kutsanangura zvinoitika apo vanhu nenyika dzakasiyana siyana vanotsvaga kuumba chivakwa nepfungwa dzakanaka dzakasiyana nemapoka kana hurongedzwa mumisha pachinzvimbo chekuperara nekusuwa kwehondo nekurwisana. Kugadzirisa kukonana kunosanganisira basa rekurwisa chakaipa zvisina mhirizhonga, kusimbisa, kururamisira, kutanga kuwirirana, kuvaka rugare nekuyanana. Semakristu tinotenda kuti Jesu akatuma vateveri vake kuti vave chikamu chekugadzirisa kupokana nenzira dzakanaka, nokuti mukuita izvi vanhu vanoratidza kuti vana vaMwari vachiratidza hanya nengoni kuvanhu vanotambudzika mukupokana sezvakaitwa naMwari kuburikidza naKristu.

Bhuku iri rakagadzirwa kubatsira nekusimbisa basa ramakristu rekuvaka rugare, zvichiitwa nemunhu mumwe kana semasangano. Bhaibheri ndiro rinotitungamirira pamafungiro nemaitiro edu. Zvidzidzo izvi zvinobatsira vafundisi nevadzidzisi kutungamirira vamwe vatendi kuti vadzidze kubva muBhaibheri, “Zvinhu zvinounza rugare” (verenga Ruka 19:42).

Bhuku iri haringopi ndima dzemagwaro kuti vanhu vadzidze nekusimbisa zvinokosha zvinodiwa kuti vadzidzi vadzidze. Bhuku iri rinopawo nzira dzekudzidzisa nadzo dzinoita kudzidza kunakidza vadzidzi. Nzira dzakawanda dzinodzidziswa Bhaibheri nadzo mumakereke dzinoderedza zvinorangarirwa nevadzidzi zvoderedza simba rezvidzidzo kuupenyu hwavanhu hwezuva nezuva. Bhuku iri rinoita kuti vadzidzi vave chikamu chezvinoitika panezvinodzidzwa pamwe chete nekurarama mushanduko mumaitiro avo mukupokana.

Rugare nehondo ihurukuro dzakakura muBhaibheri. Bhuku iri hariedzi kudzidzisa maererano nenyaya idzi. Pane mamwe mabhuku nezvimwe zvidzidzo zvakanaka chose mumatura emabhuku emaSeminari kune avo vanechido chekunyatsodzama muzvidzidzo izvi. Mabhuku akanyorwa kunoperera bhuku rino anopa mavambo akanaka kuita zvidzidzo izvi. Zvidzidzo zveBhaibheri izvi zvinoitirwa kuti zvigadzirire makristu nemakereke kuti vakwanise kubatsira zvinokwanisa kuunza shanduko munyaya dzekukonana kuunza kupodza, kupa tariro nokuyanana. Bhuku iri rakaitirwa kugadzirisa kukonana nekuunza rugare nenzira dzinogoneka mukurarama kuburikidza nepfungwa nezvatinodzidza mumagwaro edu echikristu.

## **ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI ZVINOSANGANISIRA VADZIDZI**

Zvidzidzo zvizhinji zveBhaibheri zvinoitwa nenzira dzinoita kuti mudzidzisi aonekwe semunhu aneruzivo rwechokwadi rwunofanira kupiwa kuvadzidzi. Mudzidzisi anofanana nebhotoro remvura inodirwa mumagaba evadzidzi asina chinhu. Kutaura kunoitwa kuchibva kudivi rimwechete, kubva kumudzidzisi kuenda kuvadzidzi. Kana zvichibva kunerimwe divi vadzidzi vanotenderwa kubvunza mibvunzo mudzidzisi achipindura nedzimwewo nguva vachiita hurukuro pakati pavo asi mudzidzisi ndiye anenge achizopendera achipa dzidziso chaiyo chaiyo.

Iyi inogona kuva nzira yakanaka yekudzidzisa asi zvidzidzo izvi zveBhaibheri zvirikuitwa nenzira yakasiyana siyana zvokuti vadzidzi vanova chikamu chezvinoitika mukudzidza. Nzira inopiwa nebhuku iri inokurudzira kuti vadzidzi vavewo nechokuita pane zvavanodzidza, kuti vatore chikamu pane zvavanowana pane zvinotaurwa neBhaibheri. Izvi zvinoita kuti vadzidzi vose vave nemukana wokudzidzisa pamwe chete nemudzidzisi.

Tsvakurudzo inoratidza kuti vanhu vanoyeuka zvinhu gumi kubva muzana (10%) yezvavanoverenga uye zvinhu makumi maviri kubva muzana (20%) yezvavanonzwa . Saka nzira dzagara dzichishandiswa dzekutaura nekuverenga kumba hadzinyanyi kubatsira kuti vadzidzi vaite zvidzidzo zvipanochengeta kwenguva refu. Tinorangarira zvinhu makumi matatu kubva muzana (30%) yezvatinooona nemeso uye makumi mashanu kubva muzana (50%) yezvatinonzwa nenzeve. Kungobatanidza zvekuona, nezvekunzwa sekunyora pachidziro, kana bepa rakakura, kana kupa zvinyorwa pamwechete nekutaura zvinotoita kuti vadzidzi vadzidze zvakasimba chidzidzo chacho.

Vanhu vanorangarira makumi manomwe kubva muzana (70%) yezvavanoita pahurukuro nevamwe, saka zvinoita kuti vadzidzi vagone kutaurirana pachavo pamusoro pezvavanenge vadzidza zvinowedzera zvakananyanya kugona kwavo kurangarira zvavanenge vadzidza. Zvinhu makumi masere kubva muzana (80%) yezvavanenge vadzidza nekuzviwanira zvinorangarirwa. Izvi zvinoratidza kuti vanhu vanogona kurangarira zvavanozviwanira kupfuura zvavanoudzwa nemudzidzisi kana vachiita zvidzidzo zveBhaibheri. Kuita kuti vanhu vave chikamu chezvinoitika pakudzidza Bhaibheri inzira inonyanya kubatsira pakudzidza kupfuura kuudza vanhu zvidzidzo zveBhaibheri. Vanhu vanodzidzisa vamwe vanorangarira zvinhu makumi mapfumbamwe nezvishanu kubva muzana (95%) zvezvavanodzidza. Muzvidzidzo zveBhaibheri izvi zvinogona kuitika nekuita kuti mapoka asume kunevamwe zvavadzidza uye nekukurudzira vadzidzi kuti vadzidzisewo vamwe zvidzidzo izvozvo.

Vanhu vanodzidza kuburikidza nenzira dzakasiyana siyana. Imwe nzira ndeyekudzidza kunouya nokuona, tichishandisa maziso edu. Kunyora pazvidziro kana mapepa, nekupa zvinyorwa, kana kuona mavhidhiyo, zvole zvinoshandisa maziso senzira yekuti pfungwa dzidzidze sekutaura uchiti, “Urikuona zvandinoreva here?”

Kudzidza nekunzwa tinoshandisa nzeve. Mudzidzisi paanodzidzisa nokungotaura inzira yatajaira yekushandisa nzeve (yekunzwa). Kutaura rungano nekuverenga zvinyorwa

zvinonzwikwa zvinoita kuti vanhu vadzidze nekunzwa. Kudzidzisa nenzira iyi tinogona kushandisa mazwi ekuti, “izvi muri kuzvinzwa sei?”

Kudzidza nezvinozununguka kunechekuita nemiviri nekufamba uye nekubata. Kutaura nemasaini kunechekuita nezvirikutaurwa nemuromo ndizvo zvinechekuita nekudzidzisa nezvinozununguka. Zviitwa zvinoita kuti vanhu vasimuke pazvituro zvavo nekuita kuti vafambise miviri yavo zvinoita kuti kudzidza nezvinozununguka kugoneke. Kutamba mitambo nekuita zviitwa zvinoratidza zvinodzidziswa zvinoita kuti vanhu vave chikamu chekudzidza.

Kudzidza kwezvatinonzwa mumoyo kunobata moyo womudzidzi. Ngano kunze kwekudyidzana nekutaura nekunzwa, zvinowanobata pamoyo nezvinonzwikwa munyama yemuteereri. Muteereri anonzwa zvichibata moyo wake. Uchapupu hwezvavaitika muupenyu hwemunhu zvinomutsa moyo nekubata zvido zvemuteereri zvirikutsi kwemoyo kuti ave chikamu chekudzidza. Zvinoitika vanhu vachitamba vaine mutungamiriri kuburikidza nemadrama nezvitambo zvinoratidza zvirikudzidziswa zvinomutsa moyo pakudzidza. Kutaura kwakaita sekuku, “Zvirikukubatai here?” Kunomutsa moyo wekudzidza.

Tose tinogona kudzidza kubudikidza nemhando imwe neimwe yenzira dzokudzidza idzi, asi kazhinji umwe neumwe wedu ane yake nzira kana mbiri dzaanonyatsodzidza nadzo kudarika dzimwe. Muboka ripi neripi zvaro munevadzidzi vanodzidza zvakananyanya neimwe yenzira idzi; kumudzidzisa zvinokosha kuti ushandise nzira dzakasiyana siyana idzi dzokudzidza, dzinoita kuti vadzidzi vabatwe pfungwa nemojo.

### **ZVOKUSHANDISA PANZIRA DZOKUDZIDZISA**

<b><u>Zvameso</u></b>	<b><u>Zvenzeve</u></b>	<b><u>Zvekuzungusa</u></b>	<b><u>Zvemoyo</u></b>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Chidziro chekunyorerera</li> <li>• Posta</li> <li>• Chati rekumadziro</li> <li>• Mavhidiyo</li> <li>• Projecta</li> <li>• Zvinyorwa zviripachipepa</li> <li>• Kutaura kunoonesa</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kutaura runyaya</li> <li>• Kuverenga zvinonzwika</li> <li>• Kudzidzisa nekutaura</li> <li>• Kaseti</li> <li>• Kuimba</li> <li>• Kunzwa</li> <li>• mutauro</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Zvitambo</li> <li>• Madrama</li> <li>• Kuedzesera kuita zvadzidzwa</li> <li>• Kushandisa muviri kuratidza zvirikutaurwa</li> <li>• Mitambo</li> <li>• Kubva pazvigaro</li> <li>• Kuimba uchiita zvauri kuimba</li> <li>• Mutauro wezvinozunguzika</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Uchapupu</li> <li>• Runyaya</li> <li>• Mavhidiyo</li> <li>• Kuimba</li> <li>• Zvitambo</li> <li>• Kuedzesera zvauri kudzidzisa</li> <li>• Mutauro wezvinobata moyo</li> </ul>

Kumutungamiriri wezvidzidzo zveBhaibheri, kutaura, kunyora zvekuti vose vanoona, kushandisa muviri kuratidza zvirikutaurwa, kupa mapepa ekunyorera, kuita kuti vanhu vadzokere kumashure kana kuenda mberi kubva kumapoka maduku kuenda mberi kumapoka makuru; kuita zvitambo zvemadrama zvinoratidza zvirikudzidzwa, kutaura ngano, kukumbira kuti vanhu vataure zvakadzidza zvinopindirana nechidzidzo cheBhaibheri zvose zvinopa zvokushandisa pakudzidza kuti kusimbe uye kuchipfumisa paruzivo.

Zvinoratidzira madzidziro atinoita mubhuku rino zvinokurudzira kushandisa nzira dzakawanda dzokudzidza nekuva nechikamu kwevadzidzi. Mutungamiriri wezvidzidzo zveBhaibheri anokurudzirwa kutora kana kushandura urongwa hwake hwezvidzidzo zveBhaibheri kuti zvienderane nezvinodikanwa nevadzidzi vake kuti vadzidze. Kuita madrama kana kutapudza kana kuwedzera uwandu hwevanhu muboka kunogona kupfumisa kudzidza kwevadzidzi.

Kushandisa nzira inoita kuti vadzidzi vave chikamu chekudzidza kunounza zvidzidzo zvinoshamisa zvakawanda kubva kuvadzidzi. Vanodzidza varimumapoka vanogona kuwana zvimwe zvidzidzo kupfuura zvinenge zvichitarisirwa. Miono mitsva yakadai inonakidza inobuda nekuti Bhaibheri rine zvakawanda zvatizingadzidze kupfuura zvatizingawana kumudzidzisi mumwe chete kubva pane zvaakasangana nazvo. Kushandisa mikana yekudzidzisa “kubudisa uchenjeri” hweboka kubudikidza nenzira dzinoita kuti vadzidzi vadzidze zvakanyanya kudarika zvidzidzo zvakanyorwa panopera chidzidzo choga choga mubhuku rino. Nekuronga kwakanaka, kusunguka, nekuzaruka kunezvinobuda pakudzidza seboka, mudzidzisi anopa zvidzidzo zveBhaibheri zvinonankidza pamwe nekushandura.

(Zvinyorwa izvi zvenzira dzinodzidza nadzo vanhu zvakatorwa muTraining for Change, 1501 Cherry Street, Philadelphia, Pennsylvania, 19102 USA. Website yavo inoti: ([www.trainingforchange.org](http://www.trainingforchange.org)))

## **KUSVIKIRA VEDZIMWE TSIKA NEZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI**

Nguva dzose patinoita zvidzidzo zveBhaibheri tinenge tatopinda muhurukuro dzinosanganisa tsika dzemarudzi akasiyana siyana, nokuti takasiyaniswa netsika dzirimuBhaibheri nekusiyanana kwenzvimbo, nguva nemitauro. Uyezve hapana tsika yerudzi rumwe muBhaibheri inobata nguva inopfuura makore zviuru zviviri, uye tsika dzechiJudha nechHeberu dzakashanduka zvikuru kubva mune rimwe zana ramakore kuenda mune rimwe. Tsika dziri muBhaibheri dzinobata tsika dzemarudzi evaIsraeri, maguta makuru amadzimambo aDhavhiti, tsika dzemarudzi evanhu kwakagarwa nevaIsraeri muutapwa, maruwa nemadhorobha madiki, vachizvizivisa nechitendero chavo kwete nenzvimbo, nehutongo hwemadhorobha makuru evaGiriki nevaRoma vaivatonga tichingotaura hedu shoma dzacho.

Ngano dzirimuBhaibheri dzakasarudzika sezvinongoita ngano dzevanhu vose. Dzakapfekedzwa nemitsauko yetsika, nguva nemisanganiswa wezvirimunedzimwe tsika, nguva kana nzvimbo inenge ichitaurwa ngano yacho. Patinoverenga ngano yekare iyi

hatifaniri kungatora mirairo irimo kana mifananidzo irimo tongoiti chuu munguva yenzvimbo yedu. Tinofanira kupinda mumamiriro azvaive zvakaita munguva inotaurwa nenyaya iyoyo kuti tibate zvinodzidziswa, zvinokosheswa pamweya zvinoratidzwa munguva yetsika yacho iyoyo. Vadzidzisi vakamboita zvidzidzo zveBhaibheri kuSeminari vanofanira kushandisa ruzivo rwavakawana ikoko maererano, nezvetsika dzemuBhaibheri. Kana mudzidzisi achigona kuwana mabhuku enhoroondo chero mudura ramabhuku reseminari kana rekoreji kana kubva kumufundisi ari pedyo pamusoro pezvo oita tsvakurudzo zvishoma nezvenhoroondo netsika dzerungano rwacho zvinogona kupfumisa basa richaitwa nendima yeBhaibheri iyoyo.

Kana zvidzidzo zveBhaibheri kana dzidziso yanzwiswa munguva yayakataurwa, tinokwanisa kuunza zvidzidzo izvozvo, hunhu nehudzamu hwemweya kuti zvitibetsere munguva netsika dzedu. Tinobvunza mibvunzo yenzira iyo zvidzidzo, hunhu nehudzamu hwemweya yazvingatora matiri nhasi uno mutsika dzedu. Chidzidzo chimwe chete chemweya chinoshandiswa nenzira yakasiyana mutsika yakasiyana. Semuenzaniso, zvidzidzo pamusoro pemapfekero akanaka zvinogona kuonekwa zvakasiyana zvichienderana nezvinoremekedzwa semapfekero akanaka muneimwe tsika.

Kududzira kubva kuneimwe tsika kuenda kuneimwe tsika kunokosha pakudzidza zvekukonana nekugadzirisa kukonana. Kukonana kuzhinji kuzere nehudonongodzwa hwezvinonetsa nezvinoda kugadzirisa pakati pemapoka arikukonana. Zvinotsanangurwa pakukonana ikoko zvinogona kuita zvinhu zvitsva kwatiri, zvotiita kuti tidarike ndima idzodzo totarisa ndima dzeBhaibheri dzinotirerukira kunzwisisa. Tikatora nguva zvishoma nendima idzodzo, tichishandisa zvitambo zvinobata moyo yedu nepfungwa dzedu mungano idzi dzirikure nesu zvinogona kubatsira kuzarura nyaya dzatanga tichiona sedzakaoma pakutanga kudzitarisa.

Kuti tigone kududzira nyaya dzedzimwe tsika muBhaibheri tinogona kubvunza mibvunzo inotevera:

1. Chii chaitika mungano yeBhaibheri?
2. Ko izvo zvakaitwa kana zvakaitika zvairevei kuna avo vakazvirarama?
3. Ndezvipi zvidzidzo zveBhaibheri, kusanganisira zvekupokana nekuyanana, zvavakadzidza kuburikidza nezvakaitwa kana zvakaitika?
4. Ko zvidzidzo zveBhaibheri izvi zvingarevei kwatiri munguva ino?
5. Zvii zvatingaita muupenyu hwedu, kupokana kwedu, ukama hwedu, zvatinga shandisa sezvidzidzo mukurarama kwedu?

Tinogona kusadudzira zvakanakwana kubva mutsika dzemuBhaibheri kuti tizviise mutsika dzedu, asi tinogona kuwana zvakasimba zvinotaurwa naMwari kwatiri nhasi. Nechinangwa chekuti tinzwisise ngano dzemuBhaibheri tinowana ngano yaMwari ichipindirana nengano dzedu nenzira itsva.

## **MASHANDISIRO ATINGAITA BHUKU RINO REZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI**

Bhuku iri rinogona kushandiswa pachidzidzo chikuru mukufamba kwenguva kana kungodzidza ndima dzakapiwa mubhuku iri chete. Pachidzidzo choga choga, mudzidzisi anofanira kuverenga ndima yechidzidzo kakawanda. Manotsi akanyorwa pamusoro penyaya anopa rubatsiro pakunzwisisa tsika nenyaya dzemitauro kana kuti zvapoteredza runyaya rwemuBhaibheri. Bvunza mibvunzo pamusoro petsika dzakasiyana kubva munguva yeBhaibheri. Ita mibvunzo yose inoenderena nechidzidzo chimwe nechimwe chirimubhuku rino. Cherechedza “zvinokosha” ne “zvinobuda sezvidzidzo”. Zvidzidzo zvaunobuditsa zvinokosha pabasa rekuyanana. Dzokorora chidzidzo zvakare pamwechete nemibvunzo yechidzidzo ichocho nezvidzidzo zvinobuda mupfungwa. Iva nechokwadi kuti wava kunzwisisisa chidzidzo chiri murunyaya nemiono irimo.

Sarudza nzira yauchashandisa pakudzidza. Sununguka kuwedzera kana kushandisa chidzidzo chinopindirana nezvinodiwa neboka revadzidzi vauri kutungamirira kudzidza. Funga pamusoro penzira dzinoita kuti vadzidzi vave chikamu chezvinoitika pakudzidza, uchishandisa zvokudzidzisa nazvo zvakasiyana siyana nenzira dzakasiyana siyana dzekudzidzisa kubatsirana nenzira dzakasiyana siyana dzekudzidza.

Paunenge uchitungamirira zvinoitika pakudzidza kuboka revadzidzi, chengeta mupfungwa dzako zvidzidzo zvinokosha zvinofanira kubudiswa muchidzidzo. Kana vadzidzi vakabudisa zvidzidzo izvi muhurukuro dzavo kubva mundima yebhaibheri, unogona kuzvisimbisa nekuzvinongedza zvakare nekuzvitaurezve. Kana vadzidzi vakasazvitaure unogona kuzozvitaure pashure muchidzidzo, zvichida nekubvunza mibvunzo inoita kuti vanhu vafunge zvinovabetsera kuona zvidzidzo izvi. Zvakanakisisa ndezvekuti usangotaura zvidzidzo izvi panopera chidzidzo asi kuzvipinza muhurukuro panguva yakafanira panenge pachiiitwa hurukuro neboka.

Vimba kuti vadzidzi vanogona kuwana zvidzidzo zvakanaka, kusanganisira nezvimwe zvinhu zvausina kuona iwe. Tarisira kuti boka rinobuda nepfungwa, mazano, kana nzira dzekudzidzisa dzinobudisa zvedzidzo zveBhaibheri izvi iwesemudzidzisi kana munyori weBhaibheri zvamusina kumbofunga nezvazvo. Izvi zvakanaka nokuti newe zvinokuita kuti uve unodzidza pamwe chete nekudzidzisa mukuita izvi. Simbisa, kurudzira, rumbidza nekutenda boka revadzidzi nekuda kwehupfumi hwehuchenjeri zvavanobudisa murwendo rwekudzidza zvidzidzo zveBhaibheri.

Zvidzidzo zvakanaka zvinopa basa mumapoka madiki. Zvimwe zvidzidzo zvinopa zvitambo zve madrama zvekuedzesera zvadzidzwa. Imba yekudzidzira inofanira kunge yakarongedzwa zvinotendera kuti izvi zviitike. Zvigarozvinosimudzika ndizvo zvakanaka pakuiita izvi. Zvinogona kurongedzwa zvakaaitwa denderedzi kana sezvakaita kana mwedzi uchigara kuitira kuti mitambo yemadrama inogona kuitwa vanoita mitambo iyi vanoenda pakati pedenderedzi kana panoonekwa nevanhu vose. Zvigarozvinogona kurongedzwawo kuita mapoka matatu kana mana uye nekuzvidzoserera kuti vanhu vose vave pamwechete zvakare



Namatai musati matanga kugadzirira uye musati matanga kudzidza. Hausiwe mudzidzisi mukuru asi Mweya Mutsvene ndiye mudzidzisi mukuru. Basa rako nderekuti uve mudziyo unoshandiswa kudzidzisa naMweya Mutsvene mukuzarura pfungwa nemoyo yevadzidzi kune izvo Mweya Mutsvene zvaakaisa muBhaibheri kuti vadzidze nekukura. Mweya Mutsvene anounza “nguva dzekuti vanhu vanogona kudzidza” kuboka revadzidzi kusanganisira nguva idzo unenge usina kugadzirira zvigokushamisa. Iva wakazaruka kugamuchira chipo chaMwari panguva idzodzo. Rangarira zvakare kuti Mweya Mutsvene anoda kukudzidzisa mukuita izvi. Anodzidzisa anogona kudzidza zvakanyanya, saka gadzirira zvidzidzo zvinoshamisa Mwari zvaanoda kukudzidzisa.

## **CHIKAMU 1:**

### **KUONGORORA ZVINOITIKA MUKUKONANA**

Chidzidzo 1: Kukonana seNzvimbo Tsvene (Eksodosi 2:23-4:17)

Chidzidzo 2: Kukura kwekukonana (Genesis 3:8-13; 4:1-6; 4:19-24; 10:8-12)

Chidzidzo 3: Kukonana muMhuri (Genesis 25:19-34; 26:34-28:9)

Chidzidzo 4: Rwendo rwekuyanana (Genesis 28:10-33:20; 35:27-29)

## CHIDZIDZO 1

### KUKONANA SENZVIMBO TSVENE

**NDIMA: Eksodosi 2:23-4:17**

#### **ZVAKAKOMBEREDZA RUNYAYA**

Zvizvarwa zvaJakobo zvakagara mulJipita vachitiza nzara muKenani panguva mwanakomana waJakobo ainzi Josefa akanga ari mubati waFarao aiva nesimba mulJipita. Mumakumi nemazana amakore utongi hwaJosefa hwakakanganwikwa. Nzanga itsva yeumambo yakanga yavakutonga mulJipita yakanga isingachazivi kutonga kwakaitwa naJosefa. Nzanga yeumambo uhwu hwelJipita yakabata vaHeberu vose senhapwa. Kutya kuwanda kwevaHeberu kwakaita kuti mambo weJipita aise mitemo yairemera vaHeberu.

Mushure mekukundikana kuita kuti vananyamukuta vechiHeberu vauraye vanakomana vavaHeberu pakukonana (ona chidzidzo 15 paEksodosi 1:15-22), Farao akaraira kuti vanakomana vavaHeberu vaurayiwe. Mai vaMozisi vakaviga Mozisi mubhasikiti murwizi. Mwanasikana waFarao akasangana nemwana akamuchengeta muimba yeumambo.

Semurume, Mozisi akarwadziwa nekuda kwekuremedzwa nebasa kwevanhu vekwake. Akaona mutariri webasa mulJipita achirovamuHeberu. Mozisi akauraya mulJipita akaviga mutumbi wake. Pashure paizvozvo Mozisi akadziva vaHeberu vairwa pachavo, ndokubva zvakubuda kuti vaiziva kuti Mozisi akanga auraya mulJipita. Farao akanzwa nezvukuuraya kwaakaita uku akaedza kubata Mozisi. Mozisi akatizira kuMidiani, uko kunozivikanwa seArabia asi zvichisanganisira dunhu reSinai.

#### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO:**

Tanga kudzidza nekunyora izwi rekuti, “**Kukonana**” pachidziro kana pabepa rakakura. Bvunza vadzidzi kuti: **Mashoko** api, **zvaunonzwa** kana **mifananidzo** inouya mupfungwa kana ukafunga nezve “**kukonana**”? Isa mazwi ose aya pachidziro kana bepa rauri kunyorera. Koka vanhu kuti vawedzere pane zvaunenge wanyora matauriro azvinoitwa patsika yavo kana **tsumo** dziripamusoro pekukonana. Ipa nguva yakakwana yekuti vanhu vadzikise pfungwa dzavo pavanenge vachiita izvi. Pamwe unga verenga izwi rimwe nerimwe rawanyora kana tsumo dzirimutsika dzenyu. Bvunza zvinoonekwa nevanhu pamusoro pemashoko anyorwa.

Kazhinji zvinyorwa zvinemashoko aya mashoko acho anoratidza zvakaipa zvinoitika mukukonana. Asi mamwe mazwi anoratidza zvakanaka zvinoitika mukukonana anogona kuva pamazwi akanyorwa, uye ungada kuratidza mazwi anoratidza zvakanaka zvinoitika mukukonana. Pane zvakanaka zvinobuda mukukonana.

Chibva wanyora izwi rekuti, “**Nzvimbo Tsvene**” pamazwi awambonyora. Bvunza vadzidzi, “Kuti, **‘nzvimbo tsvene’** zvinoratidza chii?”

ko zvingaitika sei kuti kukonana kufungwe senzvimbo tsvene?

Pane anoziva pakatanga kushandiswa mazwi ekuti ‘nzvimbo tsvene’ kekutanga muBhaibheri here?

Kana mudzidzi akagona kuziva runyaya rwaMozisi pagwenzi raipfuta, kumbira mudzidzi uyu kuti ataure zvaanoziva parunyaya urwu. Kana asingaruzivi, rutaure nepapfupi apo Mozisi akaona gwenzi raipfuta, achiswederwa kwariri, achizonzwa inzwi richitaura kubva mugwenzi richiti, “Bvisa shangu dzako nekuti nzvimbo yauri itsvene.” Kumbira kuti vadzidzi vabvise shangu dzavo kusvika chidzidzo chose chapera. Varatidze nekubvisa shangu dzako pachako.

Kamura vadzidzi kuti vaite mapoka evanhu vanokwana vashanu kana vatanhatu. Vape maminiti makumi maviri kuti kuti vapindire mibvunzo inotevera:

Ndezvipi zvakaitika zvikuru kana zviduku zvakapoteredza runyaya urwu

rwekukonana? (Vangada kutarisa pachapter 2.)

Mozisi akadzidzei pamusoro paMwari?

Mozisi akadzidzei pamusoro pezvake?

Mozisi akadzidzei pamusoro pevamwe vanhu vakaita saFarao, Aaron, vaHeberu?

Kana mapoka aya madiki apedza kudzidza, unganidza vanhu vose pamwe chete zvakare. Kumbira verimwe boka kuti vataure mhinduro yavo pamubvunza wokutanga. Chikumbirawo vemamwe mapoka kuti vawedzerewo maonero avowo pamubvunzo umwe chete. Kumbira vadzidzi verimwewo boka kuti vataurewo mhinduro yavo kumubvunzo wechipiri, uye vadzidzi vemamwe mapoka vopawo miono yavo sepakutanga kana vane zvimwe zvavanoda kuwedzera. Enderera mberi nemibvunzo inotevera kusvika yose iri mina yapera uchiita zvimwe chetezvo.

Taura pamusoro **pekuzarurirwa** kunoitika panzvimbo tsvene. Sezvatinoona mundima iyi pakati pekukonana, Mozisi akadzidza pamusoro paMwari, pamusoro pake nepamusoro pevamwe. Mukukonana kwedu tinogona kuwana kuzarurirwa kana kuwana miono mitsva pamusoro pedu, paMwari kana vamwe. Miono mitsva iyi yaingogona kuonekwa chete kuburikidza nekuomerwa kwekukonana zvichigona kutibatsira kukura sevanhu kana seruwa.

Chibvunza kuti vanzwa sei kupedza chidzidzo chose vasina kupfeka shangu. Vamwe vanogona kunge vafadzwa nazvo. Vamwewo ndivo vanogona kuti havana kugadzikana nazvo. Kana vamwe vakati havana kugadzikana nekunge vabvisa shangu dzavo, kumbira vamwe vangavapo vasina kugadzikana nekubvisa shangu dzavo kuti vasimudze maoko avo. (Sunungukawo kusimudza ruoko rwako!)


Taura kuti kupokana kunotiita kuti tive vasina kugadzikana sei, uchinongedza kunezvinhu zviya zvanyorwa pamusoro pekukonana pamatanga chidzidzo chino. Nyangwe zvakadaro kukonana kunogona kuva “**Nzvimbo Tsvene**” patinogona kudzidza zvinhu zvakawanda pamusoro pedu, pamusoro paMwari kana pamusoro pevamwe. Drowa diagiramu rinoratidza kugadzikana (Comfort Zone, Ona diagiramu riri panoperera chidzidzo chino). Tinowanzo kusadzidza zvakanyanya kana tiri patinenge takadekara nokuti zvinhu zvose zvinenge

zvakatipfavira uye tinonzwa takachengetedzeka. Uye tinogona kusanyatsodzidza zvakawanda kana tiri panonyanya kutyisa. Panonyanyakutyisa tinonzwa kuremedzwa, ngozi nekutyiswa. Tinowananzovikwidibira nekuzvidzivirira pachinzvimbo chekuti tizaruke kuruzivo rutsva. Nzvimbo yekusagadzikana ndiyo nzvimbo yatinonyanya kudzidza zvikuru nekuti tinodenhwa, tinongwarira, pamwe tinotyiswa zvinotipa simba rekutsvaga zvatinoda. Hatigutsikani, naizvozvo tinotsvaga **nzira itsva** yekugadzirisa kudenhwa kwatinenge tichiitwa. Kukonana kunowanzotibvisa panzvimbo yokugadzikana. Kumwe kukonana kunotiisa panzvimbo inotyisa apo tinonzwa tichinyanya kutyiswa. Asi kana tikashanda zvine uchenjeri tichifunga zvikadzama mukukonana kwedu tinogona kuiita nzvimbo yekusagadzikana apo tinogona kudzidza nekukura. Nzvimbo yekusagadzikana **inzvimbo tsvene**.

Ita kuti vadzidzi vaite mapoka evanhu vaviri kana vatatu. Iti vaudzane zvinhu zvitatu zvavakadzidza kubva mukukonana kwakaitika muupenyu hwavo – pamwe muono, unyanzvi, mukana, shamwari. Chivaita kuti vataure chinhu chimwe chavangada kuwana mukukonana kwavari kupfuura nemakuri izvozvi. Usati wapedza chidzidzo chino ita kuti boka roga roga ritaure chinhu chimwe chete kana zviviri zvavakadzidza mukukonana kwavakapinda nemakwuri.

## **ZVINOKOSHA KUBATA**

- ❖ Kunyangwe zvitinosangana nazvo mukukonana zvichiita kuti tione zvakaipa nekutipa zvibereko zvakaipa, pane zvakana zvatinowana mukukonana. Vanhu vanogona kunzwisana zvinopfuura pakutanga. Matambudziko anogona kuunza simba nekuzvipira kuti tibude nenzira dzekugadzirisa kuna vose vari mazviri. Tinogona kukurawo munhu nemunhu pachake. **Muono we chidzidzo: Kukonana kunogona kuunza zvakana makuri zvekuti tinogona kushanda kuti tikure nekuvaka pakuri.**
- ❖ Makristu anowanzotaura pamusoro pekuti Mwari anesu sei panguva dzekutambudzika. Bhaibheri rinotaura kakawanda pemusoro pekuti Mwari ndiye “murwiri” wedu kana pamusoro pemapafadzo kune “uyo anokunda”. Iyi yose mifananidzo yekukonana. Kukonana kuri mukuziva kwehanya nezvinoitwa naMwari. Tinogona kutsanangura runyaya rwose rweruponesa senguva apo Mwari musimba rekusika, kuda, kudzikinura nekutonga kwake anopinda mukukonana nevanhu. Sezvo izvi zvose zviri chikamu chekutenda kwedu tinofanira kuziva kuti kukonana kuri mudzimba dzedu, maruwa edu, makereke edu nenyika dzedu zvinonyatsonangana nesu zvinosanganisira kubata kwaMwari muupenyu hwedu. Mwari anesu mukukonana kunoitika kuti aite chimwe chinhu, kuti atungamirire, kuti adzidzise, kuti asunungure, kuti adenhe nekuite zvimwe zvakawanda. **Muono wechidzidzo: Kukonana kwatinopinda kwose kunogona kuva Nzvimbo Tsvene apo tinosangana naMwari uye tigoshandurwa nekuda kwezvinenge zvaitika.**
- ❖ Kukura nekudzidza kwedu kukuru kunoitika munguva dzatinodenhwa kuti titarise zvakadzika matiri tichinetseka nemibvunzo nezvimwe zvatisingazivi zvekuita nazvo. Kukonana kunogona kuva mudzidzisi wedu mukuru kuchitibvisa panzvimbo dzekugatsikana kwedu kuenda munezvinoita kuti tide kudzidza nekukura kuitira kuti tisvike panezvatigutsikana nazvo sekubudirira.



## **CHIDZIDZO 2**

### **KUKURA KWEKUKONANA**

**NDIMA DZEMAGWARO: Genesis 3:8-13; 4:1-16; 4:19-24; 10:8-12**

### **ZVAKAKOMBEREDZA RUNYAYA**

Ndima dzokutanga dzaGenesis dzinopa mufananidzo wechimiromo chaiva nevanhu vekutanga. Runyaya rwekusikwa runotevera nerunyaya rwekukundikana kwemunhu (kuwa kwakaita munhu kubva muukama hwepedyo naMwari achienda mukusateerera, chivi, nerufu). Kukonana kunonyuka chiriporipotya pakati pemurume nemukadzi. Runyaya rumwe nerumwe runotevera runoratidza kuwedzera kwekukonana kusvika pakuita mhirizhonga.

MunaGenesis 10 Nimrodi anonzi “Murume wakatanga kuva nesimba panyika” kutaura kunoratidza kutonga nechisimba. Zita raNimrod rinopindirana nachimwari cheBhabhironi chehondo pamwe chete namambo weAsiria pakutonga Bhabhironi yose zvayaiva kare.

### **ZVOKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO:**

Patsanura boka revadzidzi kuita mapoka mana, ipa boka roga roga imwe yendima idzi:

Genesis 3:8-13

Genesis 4:1-16

Genesis 4:19-24

Genesis 10:8-12

Kumbira boka roga roga kuti riongorore kukonana kuri mundima yavo nekupindura mibvunzo inotevera muchidzidzo chavo:

Kukonana kupi kuri mundima uye ndivanani vari kukonana?

Zvii zvakaunza kukonana?

Kukonana kwacho kwakafambiswa sei?

Kukonana kwacho kwakakudzwa sei?

Zvii zvakabuda makuri?

Boka ririkuita runyaya rwaNimrodi munaGenesis 10 rinofanira kufunga nekucherechedza kuti chii chirikuitika mukukonana kwacho. Panongoparadzana mapoka, mutungamiriri anofanira kuenda kuboka riri kuita Genesis 10 agogoverana nare zvaNimrod zvakataurwa pamavambo echidzidzo chino pamusoro. Vabvunze kuti ndezvipi zvitsva zvakaitika zvinoenderana nerunyaya rwaNimrod semutongi wekutanga wedunhu? Ko ushe hwake hwakanga hwakamiswa sei?

Ipa boka roga roga maminiti gumi nemashanu (15minutes) kuti vaverenge nekukurukura zviru mundima yavo. Boka roga roga rinofanira kuita kamutambo kanoratidza zviru murunyaya rwavo kana vachigona. Woita kuti mapoka atare rungano rwavo nekutevedzana kwadzo muBhaibheri. Kana zvitambo zvose zvaitwa nezvisumo bvunza mibvunzo inotevera kuboka rose:

Ndedzipi shanduko dzaurikuona munzira dzakafambiswa nadzo kukonana munyaya dziru mundima idzi? Ko kukonana kunoitika muopenyu hwako kunowanzoipa nezira dzipi? Ndeapi mamwe matanho ekukwirira kwekokonana?

Ita kuti umwe averenga Genesis 6:11-13. Runyaya rwaNowa rwunoitika pakati perunyaya rwa Rameki naNimrodi. Izvi zvinorevei pamusoro pemabatiro anoita Rameki kukonana, zvose kuvanhu nekunaMwari?

Ndima idzi maererano nenyaya dzechinyakare dzinokuratidza sei chimiro chekukonana muopenyu hwako nezviru kuitika munyika yose zvayo? Pane zvidzidzo zvaunowana here mukuzanisa uku?

Muhurukuro mudzidzisi anogona kupa ruzivo rwezvidzidzo nekutevedzana kwekukosha kwazvo kuitira kuratidza dzimwe nzira nyaya idzi dzekare adzinoratidzwa nawo munyaya dziru kuitika munguva ino mukurwisana nekokonana.

## ZVINOKOSHA KUBATA

❖ John Paul Lederach muchinyoro chinonzi *Mediation Training Manual* (bhuku rezvidzidzo zvekuyanana) rakashambadzirwa neMennonite Conciliation Services rinotsanangura zvinhanho zvinomwe (7) zvekugadzirisa kupokana pakugarisana kwevanhu.

1. *Kugadzirisa zvinonetsa*, apo vanokonana vanopikisana asi vachigoverana dambudziko
2. Kubva pakupikisana vachienda *pakushora hunhu hwemunhu* waari kukonana naye; munhu ndiye anenge avakuonekwa sedambudziko - sekupomerana
3. *Kukudza nyaya – kusiya kunongedza* zviru kunetsa zvakananga kuchibatandzirwa zvose zvinechekuita nemunhu wauri kukona naye sezvakaipa.
4. *Wechitatu muzvinaguhwa* – kuudza nyaya yekupokana kwenyu kune vamwe vanhu iye asipo. Kuunza wechitatu mukupokana kwete kuti agadzirise kupokana asi nechinanga chekuti wechitatu auye kudivi rako.
5. *Kurwisana nekukura kwekokonana* – ziso rinotsihwa neziso.
6. Kukonana kunoshandika kuva *ruvengo*.
7. *Kuparadzana* – kushanduka kwemubatanidzwa (sekukoniwa kushamwaridzana, kurambana, kukamukana kwekereke, hondo pakati pevandu vemunyika imwe, nezvimwewo).

Panoitika zvose izvi kukonana kunounza mhirizhonga yakanyanya, kuvimbana kwoita kushoma, pakutaurirana hakuchafambi zvakanaka uye vanokonana vanenge vasingachagoni kuonana chiso nechiso. Munyaya dziya dze munaGenesis tinoona Adamu naEva vava



pachinhanho chechipiri apo Adamu anopomera vose Eva naMwari pamusoro pedambudziko. Kaini arikuonawo Abheri sedambudziko obva adarikira kuenda panhanho yechinomwe obva amuuraya. Rameki aripa nhanho 5, 6 ne 7 achingozvipa mhosva kasingaperi. Muono wechidzidzo: Kukonana kusina kugadziriswa zvakanaka kunowanzokura.

- ❖ Muna Nimrodi tinoona mavambo ehushe nehutongi hweudzvanyiriri. Hudzvanyiriri hutongo hwechisimba apo munhu mumwe chete kana rimwe boka rinowana simba renoshandiswa zvekutyisa vamwe kana kushungurudza vamwe. MuBhaibheri rose hudzvanyiriri hunemhirizhonga idambudziko guru, kunyange tikatarira hudzvanyiriri hwaFarao muIjipita kana zvairwadza Samueri pakutanga kuva namambo muIsraeri (ona Samueri 8). Hudzvanyiriri hune mhirizhonga uhwu hunonyatsoratidzwa pana Zvakazarurwa 13 apo Ushe hweChiRoma hwakatambudza makristu hwakadudzirwa sechikara chaSatani. Zvichienzaniswa nekuona hurumende dzenyika sedzinemweya yakaipa munaZvakazarurwa, Pauro muna VaRoma 13:1-7 anoratidza kuti hurumemende dzinogadzwa naMwari kuchengeta matunhu nekuranga vaiti vezvakaipa. Hurumende yevanhu yoga yoga inemisanganiswa wehumwari nehuipe. Dzimwe hurumende dzinogona kuratidza hunhu hwaSatani hwehunhu hwekuperadza nerimwe divi dzimwe hurumende dzinogona kuva nehunhu hwekutsigira ugaro hwakanaka hwevanhu vari pasi padzo. **Muono wechidzidzo: mhirizhonga kana hudzvanyiriri mukugadzirisa kukonana kunogona kuva tsika yemaitiro edzimwe hurumende, kudenha makristu kuti vanzwisise kushandiswa kwemasimba kana vachida kuti vashandure tsika dzemasangano, magariro evanhu kana kuti kukonana kune chekuita nezvematongerwo enyika.**

### **CHIDZIDZO 3**

#### **KUKONANA MUMHURI**

**NDIMA: Genesis 25:19-34; 26:34-28:9**

#### **ZVAKAKOMBEREDZA RUNYAYA:**

Isaka naRibheka vaiva vanhu vakanga vasingagari panzvimbo imwe muKenani. Baba vaIsaka, Abhurahama vakabva kumaguta e Uri ne Harani vachidzika zasi kuuya kuKenani. Vaive vachengeti vemakwayi nembudzi.

#### **ZVEKUITA MUCHIDZIDZO NEMIBVUNZO YACHO:**

Runyaya rwaJakaobo naEsau rurefu muBhaibheri, saka zvinobatsira chaizvo kupa vanhu ndima dzekuti vafane kuverenga musi wekudzidza usati wasvika. Kudzidza uku kunoisa runyaya urwu muzvikami zviviri: “Rwendo rwekukonana” ne “Rwendo rwekuyanana.” Pfupiso yenyaya idzi inogona kukopiwa yoshandiswa pachinzvimbo chokushandisa ndima dzemagwaro panguva yekudzidza chidzidzo, kunyange zvazvo vadzidzi vachifanira kukurudzirwa kuverenga magwaro acho vasati vatanga kudzidzo chidzidzo.

Kamura vadzidzi kuita mapoka mana. Ipa boka rimwe nerimwe kuti rimirire munhu mumwe chete ari murunyaya urwu pakati pa: Jakobo, Esau, Isaka, kana Ribheka. Boka roga roga richasarudza munhu achamirira boka rake semutauriri weboka rose. Mukati meboka verenga runyaya rwacho zvinonzwikwa nemunhu wose zviri mupfupiso kana mundima dzemagwaro. Chiita kuti boka rikurukure nekupindura mibvunzo inotevera zvinoenderana nemunhu wavanzi vaite nezvake:

- \* Ndezvipi zvaunofunga kuti ndizvo zvainzwika mumoyo memunhu uyu pazvinhanho zvakasiyana murunyaya urwu?
- \* Ndezvipi zvainge zvakatarisana nemunhu uyu, uye akaburitsa pachena pfungwa dzake nenzira dzipi?
- \* Munhu uyu angazvichesa achiti chii pane zvaakaita?

Tendera mapoka kuti aite 20minitsi vachiverenga nekurukuro. Wozounza boka rose pamwechete kuti wozoita hurukuro nevatambi, uchikoka munhu ari kumirira mutambi mumwe kubva kuboka rimwe nerimwe achimirira mutambi wemuBhaibheri kuti auye pamberi peboka. Koka mutambi mumwe nemumwe kuti ape maonero ake pamusoro pekupokana kunoitika mumhuri. Unogona kutanga chero nani zvake pakati paIsaka, Ribheka, Esau na Jakobo. Ipa mutambi mumwe nemumwe mukana maminitisi mashoma kuti ataure zvinomunetsa nemaonero ake, wochizobvunza mutambi mumwe nemumwe mibvunzo inoita kuti vataure zvakadzika uchishandisa mazita evatambi vavanomirira kwete mazita avo chaiwo:

“Esau, sei wakapa udangwe hwako zvirinyore kudaro kuti uwane chindiro chemuto?”

“Jakobo, vamwe vanhu vangati wakabatira mukoma nokuda kwenzara kuti iwe uzviwanire zvawaida – ungazidavirira uchiti chii pakutaura uku?”

“Isaka, ko wakarega mumwe nemumwe achiita zvaaida mumhuri uchirega vanakomana vako vachinetsana nenzira yakadai iwe usingapindiri semubereki kaiwe?”

Ribheka, nekutora divi raJakobo uchisiya Esau wakaita kuti zviipe here nekukurudzira kuderera kwehunhu hwaJakobo?”

Bvunza kana mukirasi mune vanoda kubvunza umwe wevatambi ava.

Unogona kutendera kuti vatambi vose mumwe nemumwe vapindure mibvunzo sezvakaita iyi:

“Ndiani unesimba rakawanda mumhuri? Urikusangana nesimba iri nenzira ipi?”

“Ndedzipi dzaiva tarisiro dzako pamusoro pedzimwe nhengo dzemhuri yako murunyaya urwu? Ko tarisiro idzi dzakadziswa papi kana kupokanwa papi?”

Tenda vatambi vose. Chikumbira kuti vadzidzi vose vabatsire kuratidza izvi:

Ndezvipi zvakanga zviripachena pakukonana kwavo murunyaya urwu?

Ndezvipi zvakanga zvakadzika murunyaya urwu?

Ndezvipi zvaibata moyo yevatambi vari murunyaya urwu?

Ndedzipi sarudzo dzakaitwa nemutambi mumwe nemumwe dzingadaro dzakaderedza kukonana? Nyora pasi zvingataurwe navadzidzi sesarudzo dzakaitwa nevatambi.

Chimiro chipi chemhuri kana tsika zvaunofunga kuti zvingadaro zvakaita kuti kukonana kuwedzere kana kuti kuderere?

Ndezvipi zvidzidzo zvatingawane pamusoro pokukonana tichienderera mberi neupenyu ikozvino kubva murunyaya rwekukonana kwemhuri yekare yekumabvazuva iyi?

Udza vadzidzi kuti vafunge pamusoro pekukonana kwavari makuri izvozvi kuti vataure sarudzo dzavakaita dzakaita kuti kukonana kupe kana kuti kunake. Pane dzimwe sarudzo dzavangaite here dzingaite kuti kukonana kwavo kufambe negwara rakanaka? Kumbira kuti vadzidzi vagovere kubva panezvavanofunga kuti vangaite zvingaita kugadzirisa kwakanaka. Nyora pasi mazano nezvingaitwe. Pfiga nemunyengerero ungaitwa nemumwe nemumwe chinyararire pamusoro pesarudzo idzodzo kumunhu wega wega mukirasi.

Chidzidzo chinotevera chichaongorora nhanho dzakatorwa nemhuri iyi parwendo rwavo kuti vayanane.

## **ZVINOKOSHA KUBATA**

\* Kukonana nguva dzose kune nhanho mbiri. Imwe nhanho inechekuita nezvinotaurwa pamusoro pazvo. Murunyaya urwu zvinotaurwa pamusoro pazvo mukukonana kwaJakobo naEsau zvinogona kuonekwa seutangwe nemaropafadzo. Imwe nhanho inechekuita nehukama. Jakobo naEsau vaive neukama hunemakwikwi akaipisa ukama hwavo. Vabereki vavo vaiva vakasiyana zvakare, umwe neumwe aine wake aanatora divi rake nekufarira

pavana vavo. Kazhinji kutaura kunenge kwakanangana nezvinoitika asi ukama husina kumira zvakanaka kunoita kuti vanhu varambe vachikonana pamusoro penyaya dzakasiyana siyana. Zvose zvinoitika nehukama zvinoda kuti zvionekwe mukunzwisisa zvinoitika mukukonana uye zvose zvinofanira kugadziriswa nenzira dzakanaka kana kukonana kwose kungagadziriswa zvakanaka. **Muono wechidzidzo: Ongorora zvose kukonana kuri pakati pezvinoitika uye nehukama mukugadzirisa kukonana nenzira dzakanaka.**

\* Pazvinhu zvakanawanda zvinoitika mukukonana pane “Nhanho yesarudzo” apo munhu anogona kuita kuti sarudzo inyanje kuipa kana kuti iunze shanduko yakanaka. Mutambi mumwe nemumwe akaramba achiita sarudzo dzakaita kuti kukonana kudzame uye kuti kunyanje kuoma. Panezvirinyore kuti zviitike mukukonana, apo kukonana kunotarisirwa kuti kunyanje. Vanhu vose vari mukukonana vanoita sarudzo. Sarudzo idzodzo dzinoita kuti kukonana kuipa kana kuti kunake. Sarudzo dzinogona kuita kuti paite matambudziko kana kuti kuvengana kuwedzere kana kuti sarudzo dzinogona kuita nekutaurirana kwakajeka nekumutsa nzira itsva dzekugadzirisa matambudziko. Sarudzo dzakanawanda dzinoitwa dzinoita kuti kukonana kukure. Naizvozvowo zvinotora sarudzo dzakanawanda dzichitevedzana kuti pave nekuderedza kukonana kwanga kwambokura kubva paneimwe nhanho kuenda pane imwe. Tinofanira kugamuchira basa rinouya nesarudzo dzatinaita mukukonana. **Muono wechidzidzo: ongorora sarudzo dziripamberi pedu mukukonana uogamuchira basa rinouya nekuda kwesarudzo dzaunenge waita.**

### **PFUPISO YERUNYAYA RWURI PACHIDZIDZO 3**

#### **Jakobo naEsau, Chikamu 1:      Rwendo rwekupinda mukukonana**

Makore makumi maviri Isaka naRibheka varoorana havana kugona kuita vana. Isaka akanyengeterera Ribheka, ndokubva ribheka abata pamuviri pemapatya sekudavira kwaMwari kumunyengetero waIsaka. Vana vakarwisana munhumbu make zvokuti Ribheka akashungurudzika zvikuru zvokusvika pakuti: “Kana zvichizova saizvozvi, ko ndinoraramirei?” Ribheka akanyengetera pamusoro penhumbu iyoyi. Mwari akamuudza kuti ndudzi mbiri dziri munhumbu yake, ndudzi mbiri dzichakamukana. Mumwe achange akasimba, uye mukuru uchashandira mudiki. Nguva yekupona payakasvika, wekutanga akabuda ari mutsvuku aine muviri une vhudzi akanzi ndiEsau. Munin’ina wake akabudawo akabata chitsitsinho chake. Mwanakomana wavo wechipiri vakamutumidza kuti Jakobo, zvinoreva kuti “uyo anobata chitsitsinho” kana kuti “munyengeri”.

Vakomana ava pavakakura Esau akavamuvhimi aifarira kugara musango. Jakobho ainge akanyarara achigara mutende. Isaka aifarira mwanakomana wake Esau asi Ribheka aifarira Jakobho. Rimwe zuva Esau akauya achibva kusango ava nenzara. Jakobho aibika supu yenyemba. Esau akakumbira kuti Jakobo amupewo supu iya, asi Jakobho akaita ranga naye, “Tanga wandipa udangwe hwako.” Udagwe hwaiva nezvakanaka zvekuva mwanakomana wadangwe kusanganisira kuwana nhaka. Esau, achiwedzeredza dambudziko rake akati akanga oda kufa nenzara, ko saka udangwe hwaizomubatsirei. Jakobho akaenderera mberi akati Esau apike, iye akaita saizvozvo achipa udangwe hwake kumunin’ina wake. Jakobho akazopa Esau supu, chingwa nechinwiwa. Aguta Esau akadzokera kusango.

Ava munhu mukuru Esau akarooro vakadzi vavaKenani vaviri. Vakadzi vakaita kuti upenyu huipe kunaIsaka naRibheka, naizvozvo pakava nokukonana kukuru mumhuri.

Isaka akura avakuona madzengerere, akaudza Esau kuti aende kusango kuti anovhima agogadzirira baba vake nyama kuti vadye. Ipapo Isaka aizopa makomborera ababa kuna Esau asati afa. Ribheka akanga akateerera uye Esau abuda aenda kunovhima akabva aronga naJakobho. Akaudza Jakobho kuti auraye zvimbudzana zviviri kuti Ribheka agogadzirira Isaka nyama yaaida kudya iye Jakobho agowana makomborero pachinzvimbo chemukoma wake Esau. Jakobho akaramba achiti kunyangwe Isaka aribofu asi Isaka aigona kuziva kuti Esau anemambava pamuviri wake uye Jakobho anemuviri usina mambava, izvi zvaizoita kuti atukwe panekuti aropafadzwe. Ribheka akati rega kutukwa kuve kwake iye ngaangoterera chete zvaari kumuudza. Jakobho akauraya mbudzi Ribheka akabika nyama. Akatora zvikumba zvebudzi ndokumonera maoko aJakobho nemutsiba ndokumupa chikafu chaaizoenda nacho kunababa.

Jakobho akaenda kunababa vake achiti akanga ari Esau avigira baba vake chikafu. Isaka akashamisika kuti akanga akurumidza kudaro neyi, asi Jakobho akapindura achiti Mwari akanga amupa kukunda. Isaka haana kuzvitenda akadaidzira kuti mwanakomana wake aswedere pedyo. Akabata maoko aJakobho akati, “Inzwi nderaJakobho asi maoko ndeaEsau”. Zvakare akabvunza, “Ndiwe mwanakomana wangu Esau zvechokwadi here?” “Ndini iye” akadaro Jakobho achinyepa. Isaka akadya. Apedza kudya akatsvoda Jakobho akabva anzwa

kunhuwira kwesango muhembe. Isaka akapaJakobho maropafadzo, achifunga kuti akanga ariEsau. Achimuropafadza akati achave ishe pamusoro pemunin'ina wake, uye vose vachamutuka vachatukwa vose vachumuropafadza vacharopafadzwa.

Jakobho akanga achangobuda mumba maiva naIsaka pakasvika Esau achibva kunovhima. Akagadzira nyama yaidiwa nababa vake ndokuenda nayo kuna baba vake kuti vadye. Vose vari vaviri vakanetseka nazvo pavakaziva unyengeri hwakaitwa naJakobho. Isaka akabvunda zvikuru paairondedzera kuti akanga atopa maropafadzo kunaJakobho. Esau akachema zvikuru achichemera maropafadzo. Isaka akati akanga atoita munin'ina wake ishe wake. Esau akati Jakobho akatumidzwa zita rinoenderana nemaitiro ake nokuti akamunyengedza kanokwana kaviri: akamutorera udangwe ikozvino amutorera maropafadzo. Akakumbirisa akachema pamberi pababa vake nokuda kwamaropafadzo. Pakupedzisira Isaka akati Esau achararama nebakatwa achishandira munin'ina wake asi pakupedzisira achatyora joko remunin'ina wake pamutsipa wake.

Esau akavenga Jakobo zvikuru. Haana kuda kukanganisa baba vake vangavachembera, saka akasarudza kuti amire kuita chinhu kusvikira baba vake vafa nenguva yekuchema yapfuura. Asi akanga achiudza vanhu nezvehurongwa hwaaiva nahwo hwekuuraya Jakobho. Mazwi ekuda kuuraya Jakobho akasvika kunzveve dzaRibheka uyo akagadzirira kutiza kwaJakobho kuti aende kunyika iri kure kuti anogara nehanzvadzi yake Rabhani. Akaita kuti Isaka arege Jakobho aende achishandisa muenzaniso waEsau wekuroora vakadzi vaKenani – achiti Jakobho aizonowana mukadzi werudzi rwake achibatsirwa nasekuru vake Rabhani. Isaka akaropafadza Jakobho kuti aende Harani kuti atsvage mukadzi asiri wechiKenani. Esau akabva aona kuti vakadzi vake vechiKenani havana kufadza baba vake, ndokubva aroora hanzvadzi yake mwana waIshmaeri.

(Chikamu ichi cherunyaya chakabva munaGenesis 35:19-34; 26:34-28:9)

## **CHIDZIDZO 4**

### **RWENDO RWEKUYANANA**

**NDIMA: Genesis 28:10-33:20; 35:27-29**

### **ZVAKAKOMBEREDZA RUNYAYA**

Isaka naRibheka vakanga vari vanhu vakanga vasingagari pazvimbo imwe vachigara muKenani. Baba vaIsaka Abrahamu akanga abva munzvimbo yakaorera yeUri neHarani achidzika kuenda kuKenani. Vaichengeta makwai nembudzi. Muchikamu chekutanga kukonana pakati paJakobho naEsau kunotanga vasati vazvarwa kobva kwaramba kuchisimba. Jakobho akafurira Esau kuti amutengesere udangwe hwake nekuda kwesupu. Pashure Jakobho akabira mukoma wake maropafadzo ababa. Esau akagumbuka zvikuru zvokuti anovimbisa kuuraya Jakobho. Jakobho akabva atizira kwasekuru vake Rabhani kuHarani achinzi wainotsvaka mukadzi wekuroora.

### **ZVEKUITA MUCHIDZIDZO NEMIBVUNZO YACHO:**

Chikamu ichi cherunyaya chinotora zvitsauko zvakawanda zvaGenesis, saka zvinogona kubatsira kupa ndima dzekuverenga vanhu vasati vasangana kuti vadzidze. Pfupiso yenyaya iyi inotevera manotsi echidzidzo. Pfupiso inogona kukopiwa yoverengwa nevadzidzi muzvipoka zvavo zvidiki mukirasi kana kuti nguva yekirasi isati yasvika.

Kamukanai kuenda muzvipoka zvidiki, wovapa maminitisi 30 kuti vafungisise nekuita hurukuro vachishandaisa mibvunzo inotevera:

Ndezvipi zvakasanganwa nazvo naJakobho zvakapedzisira zvoshandura mafungiro ake nemaonero ake kumukoma wake Esau?

Ndedzipi nhanho dzakatorwa naJakobho zvakatungamirira mukuyanana nemukoma wake?

Ndezvipi zvakashanduka munaEsau, uye nemhaka yei? Ndedzipi sarudzo dzakaitwa naEsau dzakaita kuti pave nekuyanana?

Daidza mapoka ose pamwechete kuti vataure zvavadzidza. Tora majana uchipa chipoka choga choga wokupa nhoroondo yezvakasanganwa nazvo naJakobho nezvakamushandura uye kuti zvakamushandura sei. Tevedza boka rimwe nerimwe kuti ritaure kusvika zvekutaura zvapera. Shandisa zvinotevedzwa zvimwechetezvo kuti uwane nhanho dzakashandiswa naJakobho kuti asvike pakuyanana nemukoma wake Esau uye shanduko nesarudzo dzakaitwa naEsau.

Chibvunza: Ndedzipi dzimwe nhanho kana zvinhu zvinokosha pakuyanana zvinobuda murunyaya urwu zvinobatsira mukukonana kwatinosangana nako muupenyu hwedu hwezuya nezuya?

Kumbira kuti nhengo dzevadzidzi vafunge pamusoro pekukonana kwavakambofungisisa nezvako svondo rapera. Pane nhanho here dzinogona kusvitsa mukuyanana dzavaona muchidzidzo chino dzinogona kushandiswa mukukonana ikoko? Tendera kuti pave nenguva yekunyarara nekufungisisa.

## ZVINOKOSHA KUBATA

- \* Ongorora kuti rwendo rwakakura zvakadini rwaJakobho rwakavarwendo rwemweya pakati paJakobho naMwari, zvose muchionioni chengirozi padanhiko uye nepaakarwisana nemutumwa usiku hwose. Chikamu chikuru cherwendo rwekuyanana kuyanana kwemukati apo tinozviona kuti tiri vanani (Jakobho anomanikidzwa kuti ataure zita rake – kuti aone unyengeri hwake hwekumashure) ogamuchira nyasha nekuzvipira kuti ashande nenzira inodikanwa naMwari. Zvimwe zvakabuda parwendo rweshanduko rwaJakobho zvakava zvokugamuchira basa rakauya nekuda kwezvaakaita kusanganisira kugadzirisa ukama hwakakanganisika nekuda kwezvakaipa zvaakaita. **Muono wechidzidzo: Kuyanana rwendo rwezvinoitika mumunhu pachake uyewo nezvinoitika kunze mukutaurirana newaurikuyanana naye.**
- \* Kuyanana kune kuraiskirwa. Jakobho haana chivimbiso chekuti Esau achamugamuchira. Jakobho aigona kurayiwa, asi akabvuma kuti azaruke, azviise pasi nekutendeuka. Hatigoni kuvanechokuita pamusoro pezviito zvevamwe, asi tinechokuita pamusoro pesarudzo dzedu kusanganisisira nhanho dzatinotora kuti tiyanane. **Muono wechidzidzo: Kuyanana mukupokana kukuru hakugoni kuitika kana pasina munhu kana kuti pane dzimwe nyaya vanhu vose vachibvuma kurasikirwa nezvimwe zvinhu kuti vadzorere ukama.**
- \* Jakobho akambosangana nekuyanana natezvara vake Rabhani asati asangana naEsau. Akazvionera kuti kunyengedzwa kunorwadza sei. Akaona hashu dzaRabhani mukunyengedzwa. Jakobho naRabhani vakataurirana mukukonana nezvavainzwa. Vakapedzisira vabvumirana kuti vagare murugare nekuramba vachigarasana sehama. Zvose izvi zvakagadzirira kuti pave nekuyanana pakati paJakobho naEsau vanga vakonana zvakadzika kwenguva refu. **Muono wechidzidzo: kubudirira kuunza shanduko mukupokana kunogona kutipa ruzivo rwatingavaka parwuri apo tinotsvaka kuunza shanduko munekumwe kupokana muupenyu hwedu.**



## **CHIDZIDZO 4 PFUPISO YERUNYAYA**

### **Jakobho naEsau, Chikamu 2: Rwendo rweKuyanana**

Jakobho akasiya mhuri aine zvinangwa zviviri chimwe chekutiza kuti Esau aida kumuuraya uye kunotsvaka mukadzi kunevematongo veHarani. Humwe husiku parwendo rwake Jakobho akarara pasi akarota. Akarota achiona danhiko raibva panyika richikwira kuenda kudenga paine ngirozi dzaiikwira danhiko dzichikwira nekudzika. Mwari akazviratidza parutivi rwake akamutsiridza chibvumirano chake chaakamboita kuna Abrahamu naIsaka, akavimbisa kuti vana vaJakobho vaizoita rudzi rukuru, kuti vaizogara nhaka yenyika paaive vete uye kuti vaizova maropafadzo kumarudzi ose enyika. Mwari akavimbisa kuti aizova naJakobho kwose kwaaizoenda uye kuti aizomudzosa munyika yechipikirwa zvakanaka. Jakobho paakamuka akazadzwa nekutya. Akanzwa kuti aiva mumba maJehova uye aripamusuwo wedenga. Akaita mbiru yedombo nzvimbo iyi akaidaidza kuti Beteri (“Imba yaMwari”).

Jakobho akanosvikodanana naRakeri paakaenda kuHarani, mwanasikana wasekuru vake Rabhani. Akaita chibvumirano kuti ashandire sekuru vake semufudzi kwemakore manomwe, Rabhani akanyengedza Jakobho nekumupa mwanasikana wake mukuru Rea musi wemuchato. Jakobho akagara mamwe makore manomwe kuti azoroora Rakeri. Jakobho akagadzirira kudzokera kunyika yake yeKenani kwemamwezve makore matanhatu akashandira kuti ave nezvipfuwo kuna Rabhani. Akanyengedza Rabhani nekusarudza mhando dzezvipfuwo dzakanga dzakanaka kuti awana zvipfuwo zvakati wandei kubva kunezvaRabhani. Rabhani akagumbuka zvikuru paakaona kubirwa uku, saka Jakobho akaenda chinyararire nevakadzi vake nevana vake nezvipfuwo zvake. Rabhani akatevera Jakobho asi muhope Mwari akamuyambira kuti aifanira kuwadzana sei naJakobho.

Rabhani paakamubata akataura naJakobho achiratidza kubatikana nekuda kwehunyengeti hwakaitika nekusavimbana kwakakura pakati pavo. Rabhani akati vakadzi vake vaive vanasikana vake uye vana vake vaive vazukuru vake. Saka vaviri ava vakaita chibvumirano kuti vasazoititrane zvakaipa uye kuti Jakobho aizonochengeta zvakanaka vakadzi vake nevana vake. Rabhani akatsvoda vanasikana vake navazukuru vake vakaparadzana havo.

Jakobho akaenderera mberi akananga kuKenani. Akatuma nhume kuenda kunosangana naEsau pamusoro pokudzoka kwake uye kuti akanga achitarisira kuwana nyasha kubva kumukoma wake. Nhume dzakadzoka dzikaudza Jakobho kuti Esau akanga achiuya aine vanhu mazana mana kuti asangane naJakobho. Izvi zvakatyisa Jakobho. Akatanga kukamura mhuri yake nezvipfuwo zvake, aine tariro yokuti pamwe rimwe boka ringarame. Akabva anyengeterera kuti apukunyuke. Akazvideredza akabvuma kuti akanga asingakodzeri rudo rwaMwari nekutendeka kwaMwari. Akabvuma kuti waitya Esau uyewo nechibvumirano chechipikirwa chakapiwa kwaari naMwari.

Jakobho akashandura maitiro ake. Akatumira mberi chipo chikuru chezvipfuwo nevaranda neshoko rekuyanana kuna Esau. Jakobho aiva netariro yekupodza hasha dzemukoma wake Esau kuti agone kuona chiso chake uye kuti Esau amugamuchire. Zvino Jakobho akatuma

mhuri yake yose kusanganisira nevana vake mhiri kwerukova kupinda muKenani. Jakobho akasara oga. Pakauya murume akaita mutsimba naJakobho kusvika kunze kwaedza. Murume uyu paakakona kukunda akavhuna hudyu yaJakobho akita kuti ishodoke. Jakobho haana kurega murume achienda kusvikira amuropafadza. Murume akamubvunza zita rake. Jakobho akataura zita rake rinoreva “Munyengeri”. Murume uya ndokumuti haachazonzi Jakobho asi kuti “Israeri” zvichireva kuti “akarwisana naMwari”. Jakobho akaedza kubvunza zita remunhu uyu asi haana kuriwana. Murume uya akanyangarika Jakobho ndokuti, “Ndaona Mwari chiso nechiso, asi ndararama”. Akaenderera mberi nerwondo rwake, akayambuka rwizi achikamhina nekuda kwehudyu yakanga yashodoka.

Jakobho akaona Esau achiuya ane varume vane mazana mana. Akauya pamberi pemhuri yake akakotamira pasi. Esau akamhanya akanombundira Jakobho. Vakatsvodana vakachema. Esau akatarira akaona mhuri huru yaJakobho akaziviswa kwavari. Esau akabvunza pamusoro pezvipo zvose zvakatumirwa naJakobho akati anotarisa kugamuchirwa. Asi Esau akati anezvake zvakakwana saka akaudza Jakobho kuti achengeta zvake hake. Jakobho akakumbira Esau atore zvipo zvake nokuti mupfungwa dzake waiti kuona chiso chake zvaifanana nekuona chiso chaMwari. Mwari akamuitira nyasha uye akawana nyasha dzakadaro kuna Esau. Esau akagamuchira chipo chaJakobho.

Vakaenderera mberi nerwondo Jakobho achiratidza kuzvinipisa kwokutenda naEsau achiratidza ngoni. Jakobho akagara muKenani. Isaka paakafa vanakomana vaviri vakamuviga pamwechete.

(Chikamu ichi cherunyaya chakatorwa munaGenesis 28:10-33:20; 35:27-29)

## **CHIKAMU 2**

### **KUGADZIRISA KUKONANA**

Chidzidzo 5: Kukonana pamusoro pekusanzwisisana (Joshua 22:10-34)

Chidzidzo 6: Muyanani anotsungirira (1 Samueri 25:1-35)

Chidzidzo 7: Kukonana nekuda kwezinokosheswa pachitendero (Acts 15:1-35)

Chidzidzo 8: Kuwana mhinduro inoita kuti vanhu vose vahwine (Numbers 31:1-33)

Chidzidzo 9: Pazvisingashandi (Mabasa avapostori 15:36-41)

## **CHIDZIDZO 5**

### **KUPOKANA NEKUDA KWEKUSANZWISISANA**

**NDIMA: Joshua 22:10-34**

#### **ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA**

Panguva yekupinda munyika yeKenani kwevaIsiraeri, marudzi ose akatora chikamu. Asi marudzi aRubheni naGhadhi nehafu yerudzi rwaManase vakanga vasarudza kugara mhiri kwerwizi rweJorodani mumatunhu aJazeri naGiriyadi. Numeri 32 (ona mashoko ari muchidzidzo pachidzidzo 8) inobatanidza runyaya urwu apo marudzi akabvumirana pana Mozisi naRubheni, Ghadhi nehafu yerudzi rwaManase kuti vabatane nevamwe muhondo kusvika vamwe vose vawana pekugara kunzvimbo dzokumusoro. Muna Joshua 22:1-9 Joshua akataura kuti basa rekutora nyika rapera ndokusunungura marudzi maviri aya nehafu kuti vaende kumabvazuva kweJorodani kuti vavake misha yavo.

Zviitiko zviviri zvekutanga zvevaIsiraeri zvakataurwa mundima. Kunzwisisa zvakatanga kuitika kunobatsira kunzwisisa zvirikunetsa marudzi ari nechekumavira zuva eJorodani. V.17 inotaura pamusoro pe “chivi che Peori” Izvi zvinorevera runyaya rwakanyorwa munaNumeri 25:1-9 apo vaIsiraeri vakanamata zvifananidzo kunamata chimwari chaBhaari. Vanhu zviuru makumi maviri nezvina vakafa mudambudziko rakaitika nechirango chakaitwa naMwari nekuda kwekunamata chifananidzo ichi.

v.20 inotaura pamusoro pa“Akhani mwanakomana waZera”. Runyaya rwaAkhani rwunotaurwa pana Joshua chitsauko 7. Akhani akaba zvinhu zvakapambwa pakaputswa Jeriko, akazvichengetera zvimwe zvaifanira kupiwa kunaMwari. Nekuda kwaizvozvo hondo yavaIsiraeri yakakundwa paAi. Mwari akaraidza kuti ruwa rwose rwakatongwa nekuda kwekusatendeka pakupira zvakapambwa paJeriko kunaMwari. Akhani ndiye akafumurwa semukanganisi panyaya iyi, uye upfumi hukawanikwa huri mutende raAkhani. Akaurayiwa senzira yekuchenura vaIsiraeri nekuda kwekutadza kwake.

#### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO:**

Imwe yenzira yekudzidza magwaro ndeyekukamurana kuita zvipoka zviduku kuti vaverenge nekukurukura zvirimundima vachishandisa mibvunzo inotevera kuita chidzidzo chavo. Tendera kuti mapoka aite maminiti 40 vachishanda pamwe chete. Kumbira boka rimwe kuti vataure zvavadzidza. Kumbira kuti mamwe mapoka vataurewo zvavadzidza vasingatauri havo runyaya rwose. Kana mapoka ose apedza kutaura mudzidzisi anogona kutaura imwe muono yezvidzidzo ingadaro yasarira pakutaura kwaita mapoka nekupa pfupiso.

#### **Mibvunzo ingashandiswa nemapoka pakudzidza:**

Ko kukonana kuri pamusoro pei mundima iyi? Ndezvipi zvinokurumidza kuonekwa munyaya iyi? Ndezvipi zvakadzika mundima iyi zvinobata mativi ose?

Ndezvipi zvinoita kuti kukonana kukure munyaya iyi? Ko vaSiraeri vanoitei pasi paFiniasi zvinobatsira? Ko Finiasi anoti chii kana kuitei zvinoita kuti zvizibatsira kugadzirisa kuyanana mukukonana uku?

Ko vaRubheni, vaGhadhi nehafu yerudzi rwaManase vanoitawo chii chinobatsira? Ko vakaiteiwo zvisinganyanyi kubatsira kuti vayanane pakukonana kwavo?

Ndezvipi zvimwe zvatinoona zvinobatsira pakuyanana. Ko yakava mhinduro panyaya iyi ndeipi? Yakawanikwa sei? Ko mhindiro yakagamuchirwa sei nemapoka maviri? Ko mapoka maviri akaitei zviripachibvumirano kuti vaunze kuwirirana?

Imwe nzira yekuita chidzidzo ichi kuita mapoka matatu rimwe nerimwe richiita chikamu charo. Boka rekutanga rinozvizivisa semarudzi ekumabvazuva (kureva vaRubheni, vaGhadhi ne hafu yerudzi rwaManase). Boka rechipiri rinozvizisa semamwe marudzi ekumavira zuva achitungamirirwa naFiniasi. Mapoka aya achadzidza runyaya achitsvaka kunzwisisa zvakaikwa nemarudzi avakamirira. Vanofanira kuona kuti: chii chaityiwa, kubatakanwa nemaonero emarudzi avanomirira. Kuti marudzi iwayo akazviratidza sei zvaivanetsa. Boka rimwe nerimwe richasarudza munhu anovataurira zvinyunyuto zvavo mumutambo.

Boka rechitatu rinenge ririboka ravayanansi. Ava vanoongorora zvirikuitika pakati pemapoka maviri vachiedza kuona kuti vanhu ava vangasangane panezvipi. Vachasarudza munhu mumwe chete achange ari muyanansi pakati pemapoka maviri murunyaya.

Ipa mapoka maminiti 30 kuti vaverenge rugwaro kuti vagadzirire zvikamu zvavo mumutambo. Muyanansi anosanganisa mativi maviri arikukonana achipa mukana kuti mapoka maviri apire nhau yavo vamwe nevamwe vachizvimirira. Muyanansi anofanira kubatsira vatauriri vemapoka kuti vataure zvinyunyuto zvavo, zvidiso zvavo nezvavanotsvaka munyaya iyi achibatsira kuti vawane pavanogona kusangana pakati vachiwirirana. Muyanansi anofanira kugona kuvabatsira kuti vagone kusvika pavanoita wirirano inopindura mibvunzo inechokuita nezvinyunyuto zvavo zvinosangana nezvidiso zvavo. Izvi zvinoita kuti vose vave nechavanowana chinovafadza.

Pashure pemutambo uyu kumbira kirasi kuti ienzanise mhinduro yawanikwa mumutambo nemhinduro yakawanikwa mubhaibheri. Ndezvipi zvidiso zvemativi maviri zvakaigutsa nemhinduro yakabuda mukugadzirisa kukonana.

Pedzai chidzidzo muchikumbira kuti vadzidzi vaite mapoka maviri kana matatu. Vakumbire kuti vaite mutambo vachifunga pamusoro pekukonana kwavanziva kurikutoitika pakati pake neumwe munhu kusati kwanyatsopera pakati pavo uko vasati vambotaura zvavanotyira makuri. Taura kuti vatambi vanyatsotaura chaizvo zvavanotyira kana kuti zvinovanetsa mukukonana uku. Vakateerera mumutambo uyu vanogona kuita kuti arikutaura uyu ataure zvakaizika zviri mukukonana uku nekumubvunza mibvunzo zviri kuita kuti atyire zvaari kutaura. Izvi zvinoita kuti pave nekunzwisisa kuri nani pamusoro pokukonana uku.

## ZVINOKOSHA KUBATA

\* Zviri nyore kuburitsa panevamwe zvatinyira, asi izvo zvatinyira zvinogona kunge zvisiri chokwadi zvachose. Marudzi emabvazuva vaibuditsa kutya kwavo pamusoro pamarudzi ekumavirira kuti vaizosiya kunze vekumabvazuva kubva kunyika yavaIsiraeri nekuda kwemuganhu werwizi Jorodani rwakagara rwuripo. Vekumavirira vakataura kutya kwavo kutonga kwaMwari pamusoro pavo kana vaizokonewa kuchengeta chibvumirano chavo chavakaita nemamwe marudzi aIsiraeri aiva kumabvazuva. Hapana divi rakaongorora zvavaityira nekutaura nevamwe vavo vasati vaita zvavaifunga pamusoro pezvavaityira. Vemabvazuva vakavaka aritari yavo vasina kuudza vekumavirira kana kutaura dudziro yezvavakaita izvi. Vemavirira vakabva vatogadzirira kurwa namarudzi ekumabvazuva pamusoro pezvavaifunga kuti ndizvo zvaimiririrwa neartari yavakavaka. Neuchenjeri Finiasi akatanga kutaura nezvazvo hondo isati yatanga. **Muono wechidzidzo: Tanga nekutaurirana kuti muone kuti zvamunotyira nezvamunofungirana ndezvechokwadi here!**

\* Zvimwe zvinoda kutaurirana zvinonyuka pakutaurirana: **-zvinokosha kuti muone nekugoverana zvinokunetsai kana kutya**, sezvavaitwa naFiniasi apo akataura pamusoro pekutyira kusatendeka kunaMwari kunounza kurangwa kubva kunaMwari pamusoro penyika yose. –

-Asiwo, Finiasi akatanga nemutauro waiva wokupomera mhosva (tarisa v.16). **“Imi” mutauro wekupa mhosva unoita kuti umwe uzvidzvirire pakuzvidavirira kwake. Matauriro okuti “Ini” apo munhu anotaura zvaanotyira, kana zvinyunyuto zvake kana kurwadizwa kwake kunoita kuti vanhu vatange kutaurirana kubva kumativi ose.** Matauriro okuti, “Ini” anoita kuti munhu ataure chokwadi, ajekese zvanotaura, uye nemukana wekutsvaka nzira yekugadzirisa zvinonetsa pachinzvimbo chekumutsa kuzvidzvirira zvinoita kuti mapoka maviri arambe kutaurirana.

- **Kupa chikumbiro chakanaga kune rimwe divi** (sezvavaitwa naFiniasi mundima 19) **kunogona kuzarura hururkuro zvokuti munogona kushanda pamwechete kuwana nzira yekugadzirisa zvinonetsa mukukonana.**

-**Jekesa zvirimumoyo kana mupfungwa** (sezvavaitwa nevemabvazuva mundima 24-27) **kuitira kuti rimwe divi rinzwisise zvirikufungwa nekunzwikwa mumoyo zvirunzira zvinoonekwa muzviito zvirikuitwa.**

\* **Teverera sarudzo yawakaita nezvimwe zvokuita zvinoita kuti chibvumirano chiwonekwe kuti chinobudirira uye kuti chirikunzwisisika** (sekupa chisumo kuIsiraeri yose pemusoro pezvavaitika nekudaizwa artari se “aritari yeuchapupu”.... Ona vv. 32-34).

\* Mukukonana kuzhinji vanopokana vanofunga kuti rimwe divi rinofanira kuruzira rimwe richihwina. Izvi zvinononzi hwini/ruzi mukukonana. Mukutaurirana zvidiso zvemativi maviri nekuwana zvakaenzana inzira yatingati hwini/hwini inogona kusvikwa. Mapoka ose ari maviri anogona kuhwina asi kwete nenzira yekuti verimwe divi varuze. Murunyaya urwu

vekumabvazuva vakawana aritari yeuchapupu muchibvumirano chavo nevaHeberu vaive kumavirazuva kweJorodani. Vekumavirazuva vakavimbiswa pamusoro pekuti marudzi ose akatendeka kusanganisira nevari kumabvazuva. **Muono wechidzidzo: Tsvaga nzira “yeHwini/Hwini”. Inoita kuti munhu wose anzwe kurerukirwa pamusoro pemhinduro mukukonana pachinzvimbo chemhinduro inoita kuti vamwe varuze.**

Koka nhengo yekirasi kuti agoverane nevamwe zvakaitika apo akayanana mukupokana. Runyaya rwaturwa, kumbira kuti boka rinongedze mikana yakatorwa kuti muyananisi agone kubatsira vaikonana. Uyewo ngavataure zvakagonekwa nemuyanani zvakabatsira kuyanana.

### **ZVINOKOSHA KUBATA**

\* Muranda wechidiki mundima 14-17 akaita chikamu chidiki asi chichikosha pakugadzirisa kukonana uku. Akanga asina zvaaigona kuita kuti ashandure mafungiro avanhu vaviri vaipokana, Nabari naDhavhiti. Asi akaziva Abigairi semunhu aive neuchenjeri uye kuti aigona kusvikira vaviri vaipokana. Kunyange akanga achiita zvishoma asi akaedza kuita zvaaigona. **Muono wechidzidzo: Ita chero chaunogona chingaita kuti kugadzirisa kupokana kuvepo.**

\* Abigairi neuchenjeri akazviisa mukuona kwaDhavhiti nezvido zvake kuti amunese kuti aifanira kutsvaka nzira yokuyanana nerugare mukupokana (ona v.30, 31). Akamuratidza kuti zvaizomubatsira kuita mambo kana akasarudza kuti asave nenhorondo yeropa mumaoko make. **Muono wechidzidzo: Kuti uwane nzira yekugadzirisa kupokana zvinokosha kuti uve nemaonero, zvidiso nezvinokosha zverimwe divi kuitira kuva nenzira inoshandira vose nezvishuvo zvavo.**

## **CHIDZIDZO 6**

### **MUYANANISI ANOTSUNGIRIRA**

**NDIMA: 1 Samuere 25:1-35**

Dhavhiti akanga achirarama upenyu hwerombe mugwenga, nokuti mambo Sauro aiedza kumuuraya. Dhavhiti akaunganidza boka ravarwi vose vakanga vadzingwa muumambo hwaSauro. Vairarama nezvinhu zvavanenge vatanha, vakumbira kana kupamba.

### **ZVEKUITA MUCHIDZIDZO NEMIBVUNZO YACHO:**

Kamukanai kuita zvipoka zvidiki kuti muverenge nekukurukura muchishandisa mibvunzo inotevera. Tendera kuti vadzidzi vashandise maminiti 30 kuti boka rishande pamwe chete vachiita hurukuro. Chikumbira boka rimwe chete kuti vataure zvavadzidza. Taurira vamwe kuti vasataure ndima yose vangotaura zvavabata kubva mundima. Kana mapoka ose apedza mudzidzisi ngaataure zvidzidzo zvingadaro zvasara panezvataurwe achipa pfupiso.

Mibvunzo ingashandiswa nemapoka pakuverenga nekukurukura muchidzidzo:

Nyora vatambi vanokosha murunyaya. Ndezvipi zvakaitwa nemumwe nemumwe wavo kana boka revatambi?

Ndezvipi zvaikosha kumativi maviri aipokana? Ko vatambi vakaisyanasiyana vakaitei zvakaita kuti kupokana kukure?

Ndiani akaita kuti kupokana kunange kudivi rekuti kugadzirisike? Ko maitiro avo akashandira sei maitiro evamwe?

Ndiani akabvuma kupa chii mukutaurirana? Ndiani akawana chii mukugadzirisa kupokana?

Seimwe nzira yekugadzirira chidzidzo vadzidzi vanogona kupiwa ndima vonoverenga kumba voudzwa kuti vatofanogadzirira mutambo wokuita kubva murunyaya irworwu. Kana mutambo waitwa mudzidzisi anogona kubvunza mibvunzo iyoyi yechidzidzo.

Kumbira kuti vadzidzi vatsvake mhando dzeukama dzinowanzowanikwa dziinekupokana sezvakaita: mukadzi nemurume, hama nehama, vadzidzi vechikoro, vashandi pabasa nevakuru vebasa, vanotengeserana, mukuru muhurumende nemunhuwo zvake. Paukama ihwohwu, ndiani angatarisirwa semuyanani nenzira inotarisirwa? Pane vanhu here vanogonawo kuva vayanani nyangwe vasinganyanyi kutarisirwa? Ndezvipi zvikwanisiro zvinofanira kuva nemuyanani?

Kumbira kuti umwe mudzidzi ataure zvaakasangana nazvo paakamboedza kuyanani mukupokana. Kana nyaya yacho yataurwa kumbira kuti vamwe vadzidzi varatidze mikana yakatorwa kubatsira kuti mapoka agone kuwana nzira yekugadzirisana. Zvakare ratidza zvakagonekwa nemuyanani zvakabatsira pakuyanana.



## **CHIDZIDZO 7**

### **KUPOKANA PAMUSORO PEZVITENDERO**

**NDIMA: Mabasa 15:1-35**

### **ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA**

Vakristu vekutanga vakanga vari maJudha kana kuti vaHedheni vakatendeukira kuchiJudha vakazova vateveri vaJesu. Pakapararira vhangeri, vaHedheni vazhinji vakava vateveri vaKristu, zvikuru apo rwendo rwekunovhangeri rwaPauro naBhanabhasi rwakadudzwa pachena kuungano yaiva nevanhu vemarudzi akasiyana siyana kuAntioki. Mubvunzo wakabva wachibvunzwa wokuti: Ko muHedheni anofanira kutanga ambova mutenderi wechiJudha here kuti ave muKristu akakwana? Ko chikristu ibandiko rechiJudha here kana kuti kutenda kutsva kusingaganhurirwi nekuvamuJudha kana munhu werumwe rudzi rusiri rwechiJudha? Ko ndidzipi dzidziso dzechinamato netsika dzinodziswa pachitendero chitsva ichi? Kudzingiswa kwavanhurume yaive ruombeko rwekupinza munhu muchitendero chechiJudha, saka hurukuro yekukonana yakanga yakanangana nekuti komunhu asiri muJudha anofanira kudzingiswa here kuti ave anogamuchirwa kuva mukristu kana kuti kwete. Iyi ndiyo mibvunzo yakanga ichipishana mupfungwa dzevatungamiriri pavakaita musangano sedare wakanyorwa pachitsauko 15 chaMabasa avapositori.

VaFarisi vakataurwa pandima 5, asi vakanyotsodomwa “sevatendi”. Ava vakanga vari vateveri vemurairo yetsika dzevaFarisi vakazova vateveri vaJesu (tarisa Nikodhimasi pana John 3 semuenzaniso). Vaive vachiremekedza murairo waMozisi zvikuru naizvozvo vakataura pfungwa dzokuti kudzingiswa kwakanga kwakakosha kuvanhurume vose waitendeuka.

Mundima 7-11 Petro akataura runyaya rwakataurwa zvakazara pana Mabasa 10:1-11:8 apo muHedheni Konerio nemhuri yake vakava makristu. Vakabva vatogamuchira Mweya Mutsvene pakarepo sezvakangoita vaApostora nevamwe vadzidzi paPendekosta. Runyaya rwaKonerio rwakava runya rwekutanga mukereke yekutanga uye rwakataurwa kakawanda mubhuku raMabasa.

### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO**

Kamukanai muite zvipoka zviduku kuti muverene nekukurukura zviri mundima muchishandisa mibvunzo inotevera pakudzidza. Tendera kuti vaite maminiti 40 mapoka achishanda pamwechete. Ita kuti rimwe boka vataure zvavadzidza. Kumbira kuti mamwe mapoka vasataure zose zviri mundima asi kungotaura miono yavawana mundima. Kana mapoka ose apedza mudzidzisi anogona kutaura zvimwe zvidzidzo zviri murunyaya zvisina kutaurwa nemamwe mapoka nekupa pfupiso yekupedzisa.

Mibvunzo inogona kushandiswa nemapoka pakudzidza kwavo:

Ko kukonana kuri murunyaya urwu ndekwei? Ko ndezvipi zviri pachena zviri kunetsa? Ko ndezvipi zvakadzika zviri murunyaya urwu kubva kumativi maviri? Taura kuti ndivanani

varikukonana. (*Mudzidzisi anogona kusarudza kusataura kana kutaura zvaka poteredza runyaya urwu zvinechekuita nekudzingswa muKereke yekutanga, zvichienderana neruzivo rwunenge rwunevadzidzi vari mukirasi*).

Ko kukonana uku kungasvika sei pakugadziriswa? Ndezvipi zvatinooona zvaka ita kuti zvisvike ipapo?

Ndezvipi zvaka tariswa mukugadzirisa kukonana uku? Ndezvipi zvaka itika zvaka ita kuti pave nekuyanana?

Ndezvipi zvavakatenderana kuti pave nekuyanana? Ko ivo vaive mukukonana vaka itei kunezvaka bvumiranwa pakugadzirisa kukonana?

## ZVINOKOSHA KUBATA

\* Panodzokera vanhu pakukonana mukukakavadzana Petro akanga achitaura runyaya rwaKornerio zvino Pauro naBhanabhasi vachironedzera zverwendo rwavo rwekunoparidza kwavaka ita. Pashure paizvozvo pakanga paita “gakava” rakakura (ona v.7). Pakukonana nekuda kwezvinotendwa zvinogozha kuti vari kumativi maviri vakonese rimwe divi nekuda kwemafungiro avo kana magwaro avanoratidza zvaanotaura. Gakava rinotokura panekuti vanhu vanzwisisane zvokuti vanhu vanogona kutopesana. Nyaya dzemunhu pachake dzinogona kutoshandura chimiro chehurukuro yose zvayo. Nyaya dzemunhu pachake dzinoita kuti hurukuro dzibve mukungotaura kusingaperi dzopinda mukutarisa zvinhu zvinoitika muupenyu hwavanhu chaihwo. Panenzira yakasiyana yekuona chokwadi kana kunzwa chokwadi cherunyaya, chinhu chirinyore kugamuchira nekuremekedza kunyange runyaya ruchibva paneimwe nzvimbo muupenyu yakasiyana nepanemuteereri. Nyaya dzinotiisa pamwe chete sevanhu, uye dzinotiita kuti tione Mwari achishanda nenzira dzinopesana nezvimwe zvatinotenda kubva kare. **Muono wechidzidzo: Shandisa nyaya dziri muvanhu kubatsira vanhu vari mukukonana kunzwisisana, kuti vakure pakuremekedzana kana vaine kukonana kwakadzika, nekuzarura nzira itsva dzekufunga dzinogona kugamuchira chokwadi chinoburitswa munyaya.**

\* Pashure pekunge chibvumirano chaitwa, dare rakasimbisa chibvumirano ichi nekunyora tsamba yakaenda nenhume mbiri dzemakereke evanhu vakanga vasiri majudha (v.22-31). Kana chibvumirano chekugadzirisa kukonana chaitwa zvinokosha kuwana nzira yekuzivisa chibvumirano kuvanhu vose. Chibvumirano chakanyorwa chinobatsira kuti munhu wose azive zvaka bvumiranwa. **Muono wechidzidzo: Sumai chibvumirano kuvanhu vose.**

\* Kunyange kudzingswa kwakanga kusingachatarisirwi kuvarume vasiri vechiJudha vainge vatendeuka, dare raida kuti vanenge vatendeuka vatevedze tsika dzaikosha dzairambidza chipfambi, kusadya ropa (Izvi zvinoreva kusauraya kana kuti mitemo yezvokudya nyama isina kuurayiwa zvaitarisirwa here? Vadzidzi vazhinji vanofunga kuti mutauro uyu unoreva kutevedza mitemo yechiJudha yekosheri yezvokudya), nokusava chikamu chekupira zvimwe zvimwari pakudya nyama yakapirwa kuzvifananidzo. Kana izvi zvirizvo zvakatenderanwa nekereke yekutanga setsika dzairatidza rutendo, chero muTestamende Itsva tinowana

hurukuro inotsvaka zvinorehwa netsika idzodzo. MunavaRoma 14 na 1 VaKorinte 8 nyaya iyi inotaurwa nezvayo naMupostori Pauro nenzira inoratidza kuoma kwakaita kurarama kunamata mutsika dziri muvanhu vamwe nevamwe. Mutsika dzisina zviumbwa zvinoshandiswa pakunamata zvipanidzo, nyaya inokosha zvakadini haina zvainoreva zvachose. Kutendeka kuna Kristu kunenge kwotoonekwa panedzimwe tsika dzemagariro dzavanziva. Chatinodzidza apa ndechekuti mukukonana chibvumirano chinogona kushanda kwechinguvana, asi zvinozoitika mukurarama nedzimwe pfungwa dzinozouya zvinogona kuda kuti zvishandwe patsva pamwe chete nechibvumirano kana icho chibvumirano pachacho. Kusiya kwezvimutsvika kana zvinodaro zvakaitika zvinogona kuita kuti zvakabvumiranwa zvisashanda asi kuti potoita zvinonetsa zvimwewo zvingada kuti vanhu vakurukure nezvazvo. **Muono wechidzidzo: Mhinduro kukukonana kuzhinji zvinhanho zvinogadzirwa uye zvinogona kuda kugadzurudzwa kuti zvienderane nezvinenge zvichinyuka.**

## CHIDZIDZO 8

### KUWANA MHINDURO YEHWINI/HWINI

**NDIMA: Numeri 32:1-33**

#### ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA

Vanhu VeIsraeri vakapedza makore makumi mana vachifamba murenje mushure mekunge vabuda muIjipita. Vakanga vachipinda muKenani vachibva nekumabvazuva, vosvika parwizi Jorodani. Muna Numeri 21 runyaya rwunotaurwa pamusoro pekukundwa kwe madzimambo avaAmori anoti Sihoni an Ogi waitonga kumabvazuva kwerwizi Jorodani. Dunhu iri raiva pasi peutongi hweveIsraeri apo vanga vachigadzirira kupinda muKenani.

#### ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO.

Itai mapoka madiki moverenga nekukurukura zvirimundima muchitevera mibvunzo yakapiwa kuti ikubatsirei kudzidza. Tenderai kuti mapoka aite maminiti makumi matatu ekukurukura. Wozokumbira boka rimwe nerimwe kuti ritaure zvaradzidza. Udza mamwe mapoka kuti vasadzokorora zvinenge zvataurwa nevamwe asi kuti vawedzere zvimwe zvavawana zvanga zvisati zvataurwa neboka ravatangira. Kana mapoka ose apedza mutungamiriri anogona kupa zvimwe zvidzidzo zvirimundima zvanga zvisati zvataurwa nemapoka nekupa mhedziso nepapfupi.

Mibvunzo ingashandiswa nemapoka pakudzidza kwavo:

Ndeapi mativi maviri arikupokana murunyaya urwu?

Ndezvipi zvirikudiwa nezvirikutsvakwa nedivi rimwe nerimwe? Ndezvipi zvavanotya zvingangokanganisa zvirikudiwa nemaonero edivi rimwe nerimwe ririmukukonana uku?

Ndeipi mhinduro yakawanikwa mukugadzirisa kukonana uku? Ko mhinduro iyi irikuzadzisa zvirikudiwa nezvirikutsvakwa nemativi aya sei? Unofunga kuti chii chakaita kuti mativi maviri aya asvike pakuwirirana?

#### ZVINOKOSHA KUBATA

\* kupona kuzhinji kunowanzoita kuti pave nemakwikwi: kuti rimwe divi rikunde rimwe rinofanira kukundwa. Pakutanga, zvaida vaRhubeni nevana vaGadhi kune rumwe rutivi nezvaidiwa naMozisi kunerumwe rutivi zvakanga zvakatosiyana. Tichitarisa zvaidiwa nemativi maviri ( marudzi maviri kune rumwe rutivi vaida mafuro akanaka ezvipfuwo zvavo ukuwo mamwe marudzi ose vachidawo kuti vawane rutsigiro rwakakwana rwemauto avo pakurwisa kwavaiita kuti vapinde muKenani) mhinduro yakawanikwa yakaita kuti mativi maviri ose awane zvavaida. Izvi tinozviti “hwini/hwini”. Mhinduro haina kugumira pane zvaingodiwa pakutanga kwekukonana kwavo chete asi kuti yakabuda mushure mekunge zvaidiwa nemativi maviri zvataurwa. **Muono wechidzidzo: Tsvagai mhinduro yehwini/hwini inogutsa zvido zvemativi maviri ari mukukonana.**

\* Mozisi akapa pfungwa yaivenehasha pamusoro pemarudzi maviri evana vaRhubeni nevaGadhi pakutanga (v.14). Marudzi maviri aya akadavira nekupa pfungwa yaiedza kupindura zvakanga zvapiwa naMozisi. **Muono wechidzidzo: Kugamuchira zvido zverimwe divi zvechokwadi kunogona kubatsira pakubuda nemhinduro inogadzirisa kukonana.**

## CHIDZIDZO 9

### KANA ZVARAMBA KUSHANDA

**NDIMA: Mabasa 15:36-41**

### ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA

Pauro aimbozikanwa nezita rekuti Sauro na Bhanabhasi vaiva vachishanda pamwechete muushumiri muAndioki (Mabasa 11:25-26). Kubva kuAndioki vakatumwa pamwechete parwendo rwebasa reushumiri Mabasa 13:1-3). Mukomana wechidiki ainzi Johani Mariko akanga achifamba navo (Mabasa 13:5), asi akazovasiya varipakati perwendo iye odzokera kumba (Mabasa 13:13). Chikonzero chakaita kuti Johani Mariko adzokere munzira hachina kutaurwa.

Pauro naBhanabhasi vakanga vodzoka kubva udare reJerusarema apo basa reushumiri ravakanga vaita kuvaHedheni rakanga ragamuchirwa nekereke huru.

### ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO.

Kamuranai kuita mapoka matatu. Rimwe boka rinoverenga kuti rinzwisise nezvesaurdzo yaBhanabhasi. Rechipiri ngariverenge kuti rinzwisise nezvesarudzo yaPauro. Richitatatuwo ngariverenge kuti rinzwisise kuti wechitatu angaita sei kuti ayananise vaviri ava.

Kumapoka anoda kunzwisisa **nezvaPauro naBhanabhasi** mibvunzo iyi inogona kubatsira:

Ndezvipi zvaainyanyobatikana nazvo? Ndezvipi zvamunofunga kuti Ndizvo zvaaikoshesa zvakaita kuti anyanyise kukubatikana nenyaya iyi?

Kuboka repakati **rekuyanana**:

Ko ndezvipi zvinokosheswa nevaviri Pauro naBhanabhasi zvavanobvumirana munyaya iyi. Ndezvipi zvingagona kugadzirisa zvinodiwa nevaviri ava? Ko zvingataurwa nenzira ipi kuti zvigamuchirike nevaviri ava?

Tendera kuti vaite maminiti 15 vachidzidza nekukurukura mumapoka. Boka roga roga ngariwane munhu mumwe chete uchava mutauriri weboka. Veboka raBhanabhasi vangasarudzawo mumwe kuti ave Johani Mariko. Tangai kuita mutambo Pauro ariye arikutaura naBhanabhasi vachitaurirana kuti vaende panerumwe rwendo rwehushumiri vachitaurirana mafungiro ava pamusoro paJohani Mariko. Ita kuti vambotaurirana kwekanguvana. Chisarudza munhu kubva kuboka revayanansi kuti aone kuti angabatsira sei kuti vaviri ava vave vanowana mhinduro kubva mukukonana kwavo. Rega hurukuro iyi ichienderera mberi kusvika waona kuti vatambi vavakushayiwa zvokutaura.

Tsanangudza mutambo uyu. Bvunza vadzidzi vose kuti chii chakaitika? Ratidza zvakasarudzwa naPauro naBhanabhasi mukukonana. Tsvakai zvinokosha zviripasi porunyaya urwu. Chikamu chipi chatorwa neveboka rekuyanana? Semuenzaniso, muyanani anga ari munhu akasimba achipa gwara here kana kuti anga achibvunza mibvunzo yakawanda kuti abatsire mativi maviri arikukonana kuti vawane mhinduro yavo pachavo? Zvii zvaitwa nemuyanani zvabatsira? Zvii zvaitwa zvisina kubatsira? Ndezvipi zvaonekwa kuti zvinodiwa nemativi maviri zvinopindirana? Ko pawanika mhinduro inogadzirisa kukonana pakati pavaviri here?

Ndezvipi zvidzidzo zvirikuonekwa zvichibuda muchiitwa ichi? Ko chiitwa ichi chinorangana nepi nezvatinorarama? Kumbira mumwe muboka kuti atoure nezvemumwe munhu waanoziva arikuyanana kukonana kwaanoziva. Kana munhu uyu apedza kumbira kuti vanhu vataure zvavanoona semaonero, mapindiro mukuyanana nemaitiro emuyanani zvakabatsira kuti kukonana kugone kugadzirisika.

### **ZVINOKOSHA KUBATA**

\* Kugadziriswa kwakaitwa muna Mabasa 15:39 kuti Pauro atore Sairas kuenda kuneimwe nzvimbo naBhanabhasi kuti atore Johani Mariko vachiendawo imwe nzvimbo kunogona kunge kwaiva kubvumirana kwakaitwa kuti basa rekuvhangeri riende mberi uye kuita mapoka akawanda ekuita basa revhangeri. Hazvina hazvo kududzwa mundima kuti vakaparadzana nekubvumirana. Zvakanyatsotaurwa pachena ndezvekuti pakava nekukukonana kwakasimba. **Muono wechidzidzo: Kuparadzana kunokuremekedzana kunogona kuva kuparadzana kwakanakisa pakugadzirisa kupokana, kunyangwe zvazvo kuparadzana kwenzira iyi kuchiratidzwa kuti vanhu vakoniwa kuyanana.**

\* Hatizivi kuti zvii zvakazoitika kuna Bhanabhasi naMariko pashure pokuparadzana uku. Zviripachena kuti jaya rakashanduka kubva mukusavimbika sezvaitaurwa naPauro, zvichida pamwe nekukurudzira nekubatsira kwaBhanabhasi. Johani Mariko pashure akazonyora vangeri raMariko. Zvimwezve ndezvekuti Pauro ava murume mukuru anokumbira kuti Timotio auye naMariko nokuti, “Unondibatsira kwazvo pabasa” (2 Timotio 4:11). Pane zvakaitika kuti Pauro azoshanduro muonero waaita Johani Mariko! **Muono wechidzidzo: Tingaona kana kurarama mukukonana zvigotideredza paneimwe nguva, asi izvozvo handiwo magumiro achaita nyaya yacho! Zvimwe zvinogona kuitika zvinogona kushandura chimiro chezviitiko kubva mukusafadza kuita zviitiko zvinofadza kune avo vanenge varichikamu chokukonana uku.**

### **CHIKAMU 3**

#### **KUMAHOMBEKOMBE NEKWAKADZIKA**

**Chidzidzo 10: Kupokana muboka roga roga (Mabasa 6: 1-7)**

**Chidzidzo 11: Kuwana izwi rako (Esiteri 4:1-17)**

**Chidzidzo 12: Mai vaichema nekugumbuka vanosimuka (2 Samueri 21: 1-14)**



## **CHIDZIDZO 10**

### **KUKONANA MUBOKA ROGA ROGA**

**NDIMA: Mabasa 6:1-7**

#### **ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA**

Zvitsauko zvekutanga munaMabasa zvinoratidza upenyu hwekereke irikukura pashure pokunge Jesu akwira kudenga. Mweya mutsvene akaburukira pamusoro pevadzidzi pazuva rePentekosti sezvakatsanangurwa munaMabasa chitsauko 2. Vadzidzi vaJesu vakangowanda muchinguva chiduku. Vaiva vatungamiriri vacho vakanga vari maJudha vaitaura chiAramaiki (mutauro waibva kuchiHeberu). Dzimwe nguva vainzi vaHeberu. Vaitendeuka vaisanganisra vafambi vaibva kunzvimbo dziri kure vakanga vauya kuzonamata kuJerusarema kana zvimwewo zvavaiita sebasa. Vakanzwa shoko paPentekosti vakava vateveri vaJesu. Vanhu vaivawo vaJudha, asi vachigara kumatunhu ari kure nenyika yavaJudha(Diaspora), avo vakaparira mushure mekuputsika kweJerusarema muna586 Kristu asati azvarwa. Vakanga vakagara kumaguta ari kure nekumisha yakanga yakaparira kumaodzanyemba kweAfrika, Kuchamhembe kweYurophu, Pakati nepakati peMabvazuva nemavirazuva eEzhia (Asia). Vaitaura chiGiiki semutauro waizivikanwa nevanhu vazhinji, mutauro waishandiswa mumaguta panguva iyoyo. MuJerusarema, maJudha ediaspora vakaita vateveri vaJesu vaivadaidza kuti vaJudha vaitaura chiGiriki (Hellenists) nokuti vaitara chiGiriki.

Pashure pePentekosti boka idzva iri vakatanga kugoverana kubva pafuma dzavo nekuriritira vose vaive nezvavaishayiwa (Mabasa 2:44-45 na 4:32-37). Vazhinji vakatengesa zvavaiva nazvo neminda. Mari yacho yaipiwa kuvapositora avo vaizovona kuti mari yapiwa kuna ani nani zvake anenge aine dambudziko.

#### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO**

Musati matanga kudzidza chidzidzo, dzidza napapfupi pamusoro pe“**kwakadzika nemahombekombe**”. Kana uine nguva unokwanisa kuita zvinotevera izvi:

Iti vadzidzi vavhare meso avo varangarira nguva muupenyu yavakanzwa sevarikumahombekombe kweboka – apo vanonyatsoona kuti vakanga vasiri chikamu cheboka raitonga. Vakurudzire kuti varangarire zvakataurwa nezvakaitwa. Vakazvinzwa sei? Ivo vakazvitora sei? Vakanzwa sei pamusoro pemhinduro yavakapa? Bvunza kuti boka revaitungamirira zvinhu izvi vakanga vakamira sei pakuona kwavowo. Kana vaiva neshoko rekutaura kumunhu kana boka raitungamirira zvinhu iri vaikwanisa kuti vataure vakasununguka kuboka iri kana munhu uyu aitungamirira vaizoti chii?

Koka kuti vanhu vataure vari mumapoka evanhu vatatu kana vaviri mumaminitsi mashoma, vasingataure runyaya rwezvakaaitika zvacho asi zvavakanzwa vari kumahombekombe, kuti boka revaitonga ava rakanga rakaita sei uye kuti vaizotaura mashoko ekuti chii kune avo vaivatonga ivo vari kumahombekombe. Pashure wotora davidzo kubva kuvanhu vose vari kudzidza pamusoro pemisoro iyi nekutevedzana

kwayo: zvawainzwa uri kumahombekombe, kuti vaive kwakadzika vaitaridzika sei uye kuti vaizotaura mashoko ekuti chii kune vari kwakadzika ivo vari kumahombekombe.

Kana davidzo dzevanhu dzaunganidzwa pabepa kana pachidziro chekunyorerera taurira boka kuti une nhau “dzinosuwisa” nenhau “dzinofadza” dzaunoda kuvaudza. Nhau dzinosuwisa ndedzekuti munhu wese aripo kusanganisira nemudzidzisi ari izvo zvoze zvataurwa pamusoro pevari kwakadzika. Tose tirikwakadzika pane dzimwe nguva. Zvatatura Ndizvo zvatinosangana nazvo kana tirisu tirikwakadzika kune avo varikumahombekombe. Nyangwe zvakadaro, nhau dzinofadza ndedzekuti tose tinogona kudzidza kubva pane zvatataura nezvatakararama pamusoro pedu tiri kumahombekombe. Tinogona kuteerera sevanhu vari kwakadzika kumanzwi edu sevanhu vari kumahombekombe. Tinogona kuti tirarame nezvatanga tichitsiura avo varikwakadzika kuti vave uye vaite tiri kumahombekombe.

Mibvunzo yekushandisa mukudzidza sezvipoka zviduku.

Taridza mapoka arikukonana. Ndezvipi zvavarikukonana pamusoro pazvo? Ndezvipi zviripasi pekukonana kwemativi maviri?

Nderipi divi ringanzi riri kwakadzika kana pakati nepakati mudunhu? Nemhaka yei?

Nderipi divi ringanzi ririkumahombekombe kana kumacheto mudunhu? Vakazvinzwa sei kunge varikumahombekombe kwedunhu?

Ko vari kwakadzika vakaziva zvakadini zvainzwikwa nevarikumahombekombe? Ko kuziva kwavo kwakaunza shanduko yakadini?

Ko zvakabuda semhinduro kukukonana zvakabata sei vaiva kwakadzika nevaiva kumahombekombe? Mazita ose manomwe evarume vakasarudzwa akanga ari mazita echiGiririki. Izvi zvinoratidza chii pamusoro penzira yakashandiswa kugadzirisa kukonana? Kune vamwe vanhu vakasara kumahombekombe vasina kusanganisirwa panzira yakagadzirisa kukonana uku here? Zvimorevei kune vakasara ivavo?

Ndedzipi dzimwe nzira kana dziripo, dzisinakugadzirisa zvainetsa kumativi maviri dzevarikwakadzika nevarikumahombekombe?

Ndezvipi zvakaitwa nevari kwakadzika zvakabatsira zvikuru?

Ndezvipi zvakaitwa nevarikumahombekombe zvakabatsira zvikuru?

## **ZVINOKOSHA KUBATA**

\* Pamwe nzira yakanaka yekuti tinyatsonzwisisa zvinoitika pakukonana murunyaya urwu ndeye kuitarira nemeso evari kumahombekombe nevarikwakadzika. Varikwakadzika ndivo vanhu vanodzika mitemo, zvitevedzwa, tsika nezviitwa zvinotungamirira boka rose.

Varikwakadzika vanogona kunge vakawanda asi kwete nguva dzose. Varikwakadzika vanogona kutenge vari vashoma pahuwandu asi varivo vanesimba rekuti zvinhu zviitike. Zvinodiwa nevarikwakadzika ndizvo zvinokosheswa nevanhu vose sezvido zvinokosha. Varikwakadzika tingati ndivo vanotonga kana kutungamirira muboka sezvakaita vabereki mumusha, vakuru vekereke, kana vakuru vechikoro. Varikumahombekombe ndivo vanhu vanezvikosheswa, tsika, nemararamiro zvakasiyana nezveavo varikwakadzika. Boka roga roga rine varikwakadzika nevari kumahombekombe kusanganisira boka diki rekereke kusvika kuboka guru remubatanidzwa wenyika dzose. Vanhu vanogona kuva kwakadzika paneimwe nguva vagovawo kumahombekombe paneimwe nguva. Uye munhu anogona kuvakwakadzika muboka neimwe nzira agozova kumahombekombe neimwewo nzira muboka rimwechetero (sekuti munhukadzi akadzidza anogona kuva kwakadzika mukereke nekuda kwedzidzo yake asi agova kumahombekombe nekuda kwekuti mukadzi).

Mumwe nemumwe wedu anenguva yaakambovakwakadzika neimwe nguva yaakambova kumahombekombe. **Muono we chidzidzo: Tinogona kudzidza panezvatakasangana nazvo tiri kumahombekombe kuti tingateerera nekururamisira varikumahombekombe isu patinenge tave kwakadzika.**

\* Varikwakadzika havazivi zvakanaka nezvesimba ravanaro muboka. Varikwakadzika havanyatsoziva zvakare zvinonzwikwa nevari kumahombekombe. Asi vari kumahombekombe vanonyatsoziva zvose zvirikurutivi rwavo nezvinokosheswa nevarikwakadzika uye zvavanotenda nekuti vanofanira kuzviziva kuti vagone kurarama nekuti varikwakadzika ndivo vanotema zvitevedzwa zveboka. Vakristu veChiheberu kusanganisira neVaapositori vakanga vasina ruzivo rwekuti chirikadzi dzeChigiriki dzaitambura zvakadini. Hatina ruzivo rwokuti ndiani akaunza chinyunyuto che chirikadzi dzeChigiriki kuVaapositori. Pamwe vakanyunyuta kuVaapositora pachavo. Pamwe paiva neumwe muHeberu waiva nehanya akaona achibva asuma chinyunyuto chavo kuVaapositori. Nyangove nenzira ipi chinyunyuto chavo chakasvika kuVaapositori. Vaapositori Havana kushora chinyunyuto kana wakauya nacho. Vakatoro danho rekugadzirisa chinyunyuto chacho nenzira kwayo. Kuteerera ndiro danho rekutanga pakuderedza kusaziva kune avo varikwakadzika. **Muono wechidzidzo: danho rekutanga rakanyanya kunaka ringaitwa nevari kwakadzika pakugadzirisa kukonana kunevarikwakadzika mukukonana kuteerera.**

\* kana kukonana kuine kusaruramisira kuri mumaumbirwo eboka sezvirumurunyaya urwu, kugadzirisa maumbirwo eboka kunofanira kuitwa mukugadzirisa kukonana kwacho. Muna Mabasa chitsauko 6 chirikadzi dzaitaura Chigiriki vaisiyiwa pakugoverwa kwechikafu, saka kugadzirisa maumbirwo eboka kwakasanganisira kuisa pazvigaro vanhu vaiona nezvekugovewa kwechikafu izvi zvichipawo vaitarisirwa pasi simba muhurongedzwa hutsva. Vose vakasarudzwa kuti vaone nezvekugoverwa kwechikafu pahurongedzwa hutsva vakanga varimakristu aitura Chigiriki avo vaimbosiyiwa kunze. **Muono wechidzidzo: kuisa varikumahombekombe kuti muunze nzira yekugadzirisa kupokana kwakarurama inodiwa kugadzirisa kukonana kwokusaruramisira.**

\* Kana kukonana kwagadziriswa ndima 7 inotiudza kuti kereke yakakura zvakanyanyisisa ichivhangerwa. Kukonana kunotora simba reboka rakanyanya richiiswa pakukonana. Kana kukonana kwagadziriswa simba iri rinogona kushandiswa zvineungwaru kusimbisa zvinangwa zveboka. **Muono wechidzidzo: Kusimba kwehurongwa hwekuvhangerwa kunosimbiswa nekugona kugadzirisa kukonana kwakanaka mukati mekereke.**

## **CHIDZIDZO 11**

### **KUGONA KUWANA MATAURIRO**

**NDIMA: Esiteri 4:1-17**

### **ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA**

VaJudha vakanga vaparira kwose kwose mushure mekuperadzwa kweJerusarema muna586B.C. vanhu vakawanda vakanga vatakurwa kuenda kuBhabhironi. Pasure pezvo VaPezhia vakazokunda Bhabhironi ndokuita humambo hwaitisigira kuvapo kwemamwe marudzi nezvitendero zvavo. Mambo wePezhia Sairasi akatendera maJudha nehutungamiriri hwaEzra naNehemia kuti vadzokere kuJerusarema kuti vandovakaJerusarema zvakare. MaJudha mazhinji akasarudza kuti vagare muPezhia. Bhuku raEsiteri rinoronedzera runyaya rweVaJudha vari muPezhia. Esiteri wakanga ari mambokadzi wamambo Ahaseri. Babamudiki vake Modhekai vakanga vaburitsa pachena ranga rekuurayiwa kwamambo. Modhekai akaramba kupfugamira Hamani uyo aiva achizvikudza pasina nekuti ndiye aive mutevedzeri wamambo. Nekuti akanga akatsamwira Modhekai Hamani akaruka zano raiita kuti mambo agamuchire umboo husina kukwana kuti auraye maJudha.

### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO.**

Mutambo mudiki unogona kugadzirwa nevanhu vanokwana kuita vana varichikamu chevadzidzi vachitora zvinhanho zvaModhekai, Esiteri, mushandi waEsiteri naHataki. Vanhu vana ava vanoita mutambo uyu vanofanira kugara vaverenga runyaya urwu vogara vagadzirira kuita mutambo uyu pamberi pekirasi. Kana mutambo wopera kirasi inogona kukurukura pamusoro pemibvunzo inotevera sezvipoka zviduku kana kuti sekirasi yose yevadzidzi. Vadzidzi vose vanofanira kuti vaverengewe bhuku rose raEsiteri.

Kana mutambo usina kuitwa, kamura vadzidzi kuita zvipoka zviduku kuti vaverenge nokukurukura ndima vachitevera mibvunzo inotevera. Tendera kuti vawane maminiti anokwana 30 kusvika 35 kuti vakurukure pamwe chete. Kumbira kuti rimwe boka ripe chisumo chezvavadzidza kukirasi. Ita kuti mamwe mapoka vasataure runyaya rweze asi kuti vangotaura zvidzidzo zvavawana. Kana mapoka ose apedza, mutungamiriri anokwanisa kutaura zvimwe zvidzidzo zvinenge zvasara panezvataurwa nemapoka nekupa pfupiso yerunyaya.

Mibvunzo yekutevera pakudzidza:

Ko Modhekai naEsiteri vakanzwa sei pavakanzwa hurongwa hwekuperadzwa kwevaJudha?

Ndezvipi zvaionekwa kuti zvaigona kuparadzwa kuvaJudha? Ndezvipi zvaigona kuva utera hwa Esiteri kunyangwe zvazvo akanga ari mambokadzi?

Muchirangarira hurukuro yevari kwakadzika nevari kumahombekombe muchidzidzo chemuna Mabasa 6 ndezvipi izvo Modhekai naEsiteri vaifanira kukunda mavari

sevanhu vakanga vari kumahombekombe murunyaya urwu? Ndezvipi zvavakaita kuti vasimbise kugadzirise kukonana kwakaipa zvikuru uku?

Ko Modhekai akaitei kuti akurudzire Esiteri kuti ave nechaanoita?

Ko Modhekai aitenda chii pamusoro pemikana muupenyu yekugadzirisa kukonana? Kana taifunga saModhekai, kunzwisisa uku kwaizotiita sei pamararamiro atoizoita nevanhu nezvinoitika pakukonana?

Ko Esiteri akatsvaka rubatsiro rwakaita sei kuti agone kuita zvaifunga? Ko rubatsiro urwu rwkamusimbisa chirudzii? Ko chikumbiro chakaunza kubatana sei muvanhu vechiJudha?

Ko zvakaitwa neEsiteri kwaiva kutyora mutemo wamambo here? Ko Esiteri akazviita nenzira ipi kuti kuti awane nyasha dzamambo pamusoro pechikumbiro chake? (Esiteri 5:1-3 inoratidza mavambo ezvaakaita kuti asvikire mambo.)

Bvunza vadzidzi kana vakambova nemanzwiwo ekuti paneimwe nguva neimwe nzvimbo vakava munhu oga aive anechokuita chingagona kugadzirisa zvirikunetsa pakukonana. Ko chii chakanga chaitika? Wakanzwa sei mazviri? Wakaitei kana kuti wakataurei? Unonzwa sokuti izvozvi uri muchiitiko chokuti iwe ndiwe unechokuita here kuti uunze shanduko inogona kugadzirisa kukonana? Ita kuti vadzidzi vaite mapoka madiki evanhu vaviri vaviri kana kuti vatatu vatatu kuti vagoverane zvavakasangana nazvo mumwe kune mumwe. Kana dzimwe nhengo dzemapoka dzirikutosangana nekukonana kunoda kutogadziriswa izvozvi nyengetereranai sezvakakumbirwa naEsiteri kuti vanhu vekwake vamunyengeterere.

## ZVINOKOSHA KUBATA

\* Esiteri akashinga kuzvipira kutaura namambo. Akanyatsoronga kuti otaura sei namambo kuti nyaya yake iwane mukana wekunzwikwa zvakakwana. Modhekai akaratzidzira kuvanhu achchema kuzourayiwa kwaida kuitwa vanhu. Kunyangwe akanga asinga goni kusvikira vanhu vaifanira kuiita sarudzo pamusoro penyaya iyi, akazvigadzirira kuburikidza nekugadzirira, kuunganidza humboo(sekukopa chirevo chamambo) ndokuzviisa panzvimbo yaiita kuti zvaiizoita zvionekwe. **Muono wechidzidzo: kuronga kwakanaka nehushingi hwekubvuma klurasikirwa zvinonyanyisa kukosha pakugadzirisa kukonana.**

\* chimwe chinhu chakanyanya kuoma kune avo vari kumahombekombe ndechekuti vagona kutaura inzwi ravo richinzwikwa, zvikuru apo vanenge vachinzwa sokuti vari kutyisidzirwa. Avo varikutonga kana kuti vari kwakadzika havawanzonzwisa matambudziko avanokonzeresa sezvazvaiva kunamambo Ahaseri. Vamwe ndovanotovanehutsinye hwakanyanya saHamani. Esiteri aifanira kuwana ruzivo pamusoro pezviri kuitika kuvanhu vekwake uye kuti anyatsodenhwa kuti azvipire kurasikirwa nekuti ndiye oga aive pachinzvimbo chekuti asvikire avo vaigona kuita sarudzo. **Muono wechidzidzo: kutsvaga nzira yekuti varikumahombekombe vanzwikwe vachitaura chokwadi chezvirikuitika kunokosha mukugadzirisa kukonana.**



## **CHIDZIDZO 12**

### **PAKUCHEMA, MAI VANOSIMUKA**

**NDIMA: 2 Samueri 21:1-14**

#### **ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA:**

Pakapinda vaIsraeri muKenani vaGibhioni vakaita chibvumirano cherugare nevaIsraeri nechitsotsi. Runyaya urwu rwakanyorwa panaJoshua 9:3-27. Joshua akaita chibvumirano nevaGibhioni kuti vararame; chibvumirano chakanga chirichitsvene uye chakanga chisingafaniri kushandurwa. Zviripachena kuti pavaKava nekuurayiwa kwevaGibhioni vakawanda panguva yekutonga kwamambo Sauro. Sauro nevanakomana vake vatatu kusanganisira naJonatani shamwari yaDavhiti vakazourayiwa pashure muhondo nevaFiristia. Davhiti akava mambo nemuchengetedzi wemwanakomana waJonatani akanga aremara ainzi Mefibhosheti. Murongo waSauro Rizpa akambenge ahandiswa sechibatiso chairatidza kukura kwekurwisana pakati paIshbosheti mwanakomana waSauro nemukuru wehondo Abineri (tarira pana 2 Samueri 3:6-11). Panguva yakaitika zvirimurunyaya rwuri pana 2 Samueri 21, Dhaviti akanga achitonyatsotonga hushe hwake mushure mekunge ararama hondo dzakawanda nekupandukirwa kwakasiyanasiyana.

#### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO**

Kamukanai kuita mapoka madiki kuti muverenge nekukura zvirimundima muchishandisa mibvunzo yokudzidza inotevera. Torai maminiti 30 kuti boka riverenge nekukura. Kumbira boka rimwe chete kuti ripe chisumo chezvavadzidza. Mamwe mapoka ngavataurewo zvavadzidza vasingatauri zvataurwa navamwe kana kudzorora chidzidzo chose. Kana mapoka ose apedza kutaura mudzidzisi anogona kuti ataure zvingadaro zvasara pamwe nekupa pfupiso yechidzidzo.

Mibvunzo inoshandiswa mumapoka madiki ekudzidza nehurukuro:

Zvakatanga kuitika pamhirizhonga yekurwisana kwaSauro nevaGibhioni hakuna kutaurwa muBhaibheri kunze kwekunongedzwa kwazvo mundima iyi. Unofunga kuti chingave chii chakaitika? (VaGibhioni vakanga vavimbiswa kuti vachange vakachengetedzeka muIsraeri muna Joshua 9).

Ko ndezvipi zvakavimbiswa naDavhiti kuti afadze vaGibhioni? Ndiani aizotambudzika pakuzorwisana kutsva kwaizoitika? Pane humboo hunoratidza kuti vanhu ava ndivo vakatanga chiitiko ichi chemhirizhonga here? Sei vaGibhioni naDavhiti vakaona sekuti kuita uku kwaizoita kuti kukonana kuite zvirinani? Ko Davhiti arikwakadzika munyaya iyi nenzira ipi?

Ko Rizpa arikumahombekoombe nenzira ipi munya iyi? Akaitei? Zvaakaita izvi chaiva chiito chekuratidzira kuruzhinji here? Akanga achingochema kurasikirwa kwake chete here? Ko zvaaksarudza kuita zvinosiyana sei nezvakaitwa naMerabhi, umwe mudzimai akafirwawo ari murunyaya urwu (vamwe vanomuti ndiMikari)?



Unofunga kuti zvimwe zvaipishana mupfungwa dzaRizpa ndezvipi zvingadaro zvakaita kuti aiite maiitiro aakaita? Unofunga kuti chii chakamupa ushingi nesimba rekuita zvaakaita?

Ko zvakaitwa naRizpa zvakapinda zvakadini? Ko Dhavhiti akaitasei semunhu waiva kwakadzika kunaRizpa waiva kumahombekombe? Zvaireva pamusoro paDhavhiti, akapa varume kuti vaurayiwe nekuviga mitumbi nechiremerera chamambo?

Ko Mwari varipi murunyaya urwu? Ko Mwari vanotsigira here mawirirano akaitwa naDhavhiti nevaGibhioni? Ko maropafadzo edenga anodzokera panyika rini? Ko zvechitendero zvinoshandiswa sei kutsigira zviito zvevatongerwo enyika?

Pashure pezvisumo kubva kumapoka madiki anga achidzidza, bvunza kana pane munhu angaziva muenzaniso wezviriipo mazuva ano wemunhu akaita saRizpa. Ungada kugoverana nevadzidzi nyaya dzemadzimai akamira kuti vaite chimwe chinhu pamusoro pemhirizhonga yayitwa kuvana (ona pazasi). Tsaura vanhu kuita mapoka maviri kana matatu kuti vataure pamusoro pezvavaona kuti Rizpa angasimuka kana akadzoka nhasi uno. Angave kurutivi rwaani? Angaitai?

## ZVINOKOSHA KUBATA

\* Dhavhiti akapira upeyu hwezvizvarwa zvaSauro apo akanga arikutonga arikwakadzika musimba rezvematongerwo enyika. Akanga anyatsonangana nekugadzirisa dambudziko rezvematongerwo enyika zvaiva nechokuita nevaGibhioni asi zvichida pamwe chetepo achitogadzirisa dambudziko raigona kumuwira pakutonga kwake nezvizvarwa zvemhuri yaSauro. Asiwo zviripachena kuti Dhavhiti haana kumbotarisa zvazvaizoreva pakuuraya vana vamadzimai aizenge afirwa kanawo kuti vaizenge vachiurayiwa vacho vainge vasina mhosva iye achingoda kugadzirisa zvaizomunetsa pakutonga kwake. Kusaruramisira kunowanzoitika nekuti varikwadzika vanosarudza kusatarisa zvinokosheswa nezvido zveavo vanenge varikumahombekombe. Merabhi haana chaakaita kugadzirisa kusaruramisira uku, saka akaramba ari umwe wevamwe varikumahombekombe asingoonekwi uye anyerere. Rizpa akafunura kusaruramisira; achida kudzivisa varikwakadzika saDhavhiti kuti vasati ndizvo zvinofanira kuitika. Akaisa pachena kusaruramisirwa kwaitwa kune vakanga varikumahombekombe kuti vanhu vose vaone. **Muono wechidzidzo: varikwakadzika kakawanda vanotambudza varikumahombekombe, nokuda kwaizvozvo varikumahombekombe vanofanira kumira zvakasimba pachavo kuti vafumure chimiro nechiiito chekusaruramisirwa kwavo.**

\* Madzimai dzimwe nguva vakaita hurongwa hwekupikisa mhirizhonga nekutaura pamusoro pekumbunykidzwa kwekodzero kunobata kana kunoonekwa kuti kunogona kukanganisa kodzero dzevana. Mienzaniso mitatu iyi inonyatsoratidza izvi:

Madzimai ePlaza del Mayo irimuArgentina akaronga muna1970 munguva yekaitwa hondo yakaipa kwazvo munyika iyi. Vana vaidarika zviuru gumi vakanyangarika vachibatwa nemauto. Vanhu vaingourawa vachivigwa asi zvisingazikanwi vamwe vachidonhedzwa mundege vachiwira munyanza. Madzimai vachiona vana vachingonyangaritswa vasingadzoki

vakarangana. Vaisangana husiku hwega hwega muguta guru renyika, vakabata mifananidzo yevana vavo vavainge vasingachaoni. Kunyangwe zvairambidzwa asi vakaenderera mberi vakaenderera mberi vachiita izvi, zvika kuti zvidzore ndangariro dzemauto vakamira kuita zvinhu zvakaipisira izvi.

Madzimai vaive nevana vakanyangarika muEl Salvador vakaita hurongwa hwekumanaikidza hurumemende kutaura zvakaikita kuvana vavo vainyangarika. Vakava mazwi akasimba kurwisa kumbunyikidzwa kwekodzero dzevanhu nekumisa hondo munyika iyi.

Naga Mothers Association yakatanga seboka remadzimai ekuwadzana muNagaland kumaodzanyemba kwakadziva kumabvazuva munyika yeIndia. Vakatanga kuenda kumabhese emasoja nekumakamba emapurisa kunotora mitumbu yevainge vaurawa muhondo yakanga yabvira kuitika muna1955. Hapana vaikwanisa kutora mitumbi nokuda kwekutya kushungurudzwa nemasoja. Madzimai akaviga mitumbi iyi neruremekedzo rwetiska dzavo, vachiputira mitumbi mumwe nemumwe mumucheka wakarukwa mutsva. Pakatanga kuwanda vakafa vazhinji verudzi rwechiNaga, madzimai akabva atanga kutaura nekutatidzira kuti mhirizhonga imire. Naga Mothers Association rakava boka rakaramba richitaura pamusoro pekumbunyikidzwa kwekodzero dzevanhu nekutsvaga kuti munyika muve nerugare.

**Muono wechidzidzo: Simba rerudo rwaamai rinogona kuva chombo chakasimba chekutsvagisa rugare nekukuramsira kana tikasangana nekushungurudzwa kwevana vavo.**

\* Zvakaitwa naRizpa kwakava kuratidzira kuruzhinji. Akaramba akashinga kuratidzira kubva pakukohwa bhari kusvika pakunaya kumvura yeumwe mwaka (v.10), zvimwe kubva munaOctober kusvika munaMay. Akaita kuti kufa kwevana vake kuzikanwe nevanhu vazhinji vaIsraeri. Dhavhiti paakauya kuna Rizpa kuti azoviga vanakomana vake akazviita vanhu vose vachiona. Aitoshandura tsika dzake pamberi pevanhu vose achitendeuka pamberi peruzhinji achitendeuka achipindira zvakaikita naRizpa nechapupu chake. **Muono wechidzidzo: kuratidza kunoitwa pachena kusina mhirizhonga kunogona kuita kuti moyo yevanhu ishanduke kana kushandura maitiro akaipa evanhu vanesimba.**

\* chibvumirano chaigadzirisa zvevatongerwo enyika chakaitwa naDhavhiti nevaGibhioni chakanga chizere nemutauro wechitendero. Vanakomana vanomwe vakauraiwa “pamberi paJehova” (vv.6,9). Kunyange murunyaya Mwari akaratidza kuti dambudziko rekusanaya kwemvura kwakakonzerwa nekuurayiwa kwakaitwa vaGibhioni naSauro (v.1), asi Mwari haana kuti vana vaSauro vaifanira kuurayiwa kuti nzara ipere. Zviripachena kuti zvakaikita naDhavhiti zvakanga zvisngadikanwi naMwari. Zvisinei, apo Dhavhiti akatendeuka pachena nekuuya kunaRizpa kuti avige vanakomana vake neruremekedzo mushure mekunge Rizpa aita mwedzi yakawanda achiratidzira nekufumura kuipa kwemhirizhonga yezvevatongerwo enyika, ipapo ndipo Mwari akazoropafadza nyika. **Muono wechidzidzo: Maropafadzo aMwari haauyi nekuramba vanhu vachiita mhirizhonga asi nekupedza denderedzi remhirizhonga.**



**Chikamu 4:**

**KUITA KUNOUNZA SHANDUKO PASINA MHIRIZHONGA**

**Chidzidzo 13: Kuda muvengi kubudikidza nekuita kunounza shanduko (Mateo 5:38-48)**

**Chidzidzo 14: Kupa muvengi zvekudya (2 Madzimambo 6: 8-23)**

**Chidzidzo 15: Kusateerera kutsvene (Eksodhosi 1:15-22)**

**Chidzidzo 16: Kuita zviito zvinoratidzira (Ruka 19:28-44; Isaya 20:1-6; Jeremia 32:1-15)**

**Chidzidzo 17: Kukunda zvakaipa nezvakanaka (VaRoma 12:9-21)**

## CHIDZIDZO 13

### KUDA MUVENGI KUBUDIKIDZA NEKUITA KUNOUNZA SHANDUKO

NDIMA: Mateo 5: 38-48

#### ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA

Mateo 5-7 inotipa zvidzidzo zvaJesu zvinechekuita netsika nemagariro evanhu izvo tinowanzi “Mharidzo yaJesu pagomo”. Jesu apa arikudzidzisa magariro anoitwa muhumambo hwaMwari kana kuti pasi pehutongi hwaMwari. Uyu ndiwo muenzaniso wekuti vateveri vaJesu vanorarama sei. Ndima dzakawanda tinodziziva sezvakaita Mateo 5:44 apo tinowona Jesu achititiraira kuti tide vavengi vedu. Tichiziva ndima iyi kudaro tinowana dudziro dzakawandisa dzisingamboratidzi kuti dzinowirirana nezvaida kudzidziswa mutsika dzaizikanwa nemuverengi wemunyori.

Jesu akapa chidzidzo ichi munguva yaive nemhirizhonga yakanyanyisa apo vanhu vechiJudha vazhinji vakanga vachiita zvinhu zvakasiyana siyana senzira yekudavira kumhirizhonga iyi. Hurumende yechiRoma yakakunda nyika dzose mudunhu iri, ichibva yamanikidzira kuti pave nerunyararo rwaidiwa neRoma (*pax romana*) nesimba rehondo yemauto. Kupikisa runyararo urwu kwaisibwa nerufu rwakaipisira kusanganisa rufu rwemuchinjikwa. Munguva yekuyaruka kwaJesu sechikomana pakava nekupanduka kwakakura kwakabva kuvagari veGareriya. VaRoma vakatsiva nekurovera pamuchinjikwa zviuru zvevanhu vainge vapanduka vaiva vagari veGareriya mumacheto menzira yaienda Gareriya. Jesu anofanira kunge akaona vapanduki ava vachiroverwa pamuchinjikwa izvo zvinova zvinaita kuti kuraira kwake kuve nesimba achiti, “zvirambe usimudze muchinjikwa wako unditevere” iye pachake asati aroverwa pamuchinjikwa. Mhirizhonga yayitwa nevatongi vaive nesimba rekukunda ndiyo yakanga ichinyanyozikanwa panguva yakadzidziswa naJesu zvidzidzo izvi.

Vakararama panguva yaJesu vakaita zvakasiyana siyana kumhirizhonga yayitwa neRoma. Mambo Herodhi (pamwe ndiHerodhi the Great pakuberekwa kwaJesu kana kuti Herodhi Antipasi pakaurawa Jesu), VaSadhusi vaitonga musinagoge, nevateresi vose vakanga vachigamuchira matongerero echiRoma. Vaishandira hurumemende yechiRoma vachiwana muripo muhurumende yaive ichitonga. Kunerumwe rutivi vaZirote vakanga vachirwisa mhirizhonga iyi nekurwisa zvaikoshera vaRoma munzvimbo iyi. Pakupedzisira izvi zvazakounza kupandukira hurumende muna66 AD kwakazorwiswa neRoma muna70AD. Vamwe ndivo vaingosiyawo vaRoma vachiita zvavaida vasingadi kukonana navo munyika, vaisanganisira vaEseni avo vaiva neruwa rweQumran mugwenga reJudhiya vakaita zvenyorwa zvinozikanwa nanhasi zvepagungwa reDead Sea. vaFarisi vazhinji panguva yaJesu vakaita kunganzi kuzvitsaura panezvaitika kwemhando yechitendero panguva yaJesu. Vaiva nehutsvene hwemhando yepamusoro, asi hutsvene uhwu hwakanga husingatari kutambudzika kwaitika muvanhu vakanga vakapoteredza (onai muenzaniso wekukonana kwaita Jesu navo muna Ruka 6: 6-11 na13:10-17).

Jesu zvaanotaura pamusoro pe“Kuda vavengi vako” hakusi kungotaurirwa pamusoro pezvinhuwonje asi zvaitorevera nyika yakanga iinemhirizhonga yakanyanyisisa. Chimiro chekuda vavengi chaitaurwa naJesu chinoonekwa paneimwe mienzaniso yakananga yakapihwa naJesu.

### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO:**

Kana kirasi yako iene vadzidzi vanonyatsodzidza Bhaibheri nekuriverenga vachinakidzwa nemagwaro ipa mukana wekuti vaite dudziro nhatu dzakasiyana pamusoro pehuipi hurikutaurwa pana Mateo 5:39 (Ona zvinokosha kubata pazasi). Itai hurukuro pamusoro pemubvunzo uyu: Zvingarevei nenzira dzakasiyana kuti ndima iyi idudzirwe ichinzi, “Usadzivisa wakaipa (kana kuti chakaipa)” kana kuti “Usadzivisa nezvakaipa”?

Kamukanai kuita mapoka madiki matatu. Ipa boka rimwe nerimwe zvekuita pandima iyi (ona mapeji anotevera). Boka rimwe nerimwe rinofanira kudzidza zvaitika patsika dzevakaverenga ndima iyi kekutanga. Boka rinofanira kubuda nenzira yekuratidza chidzidzo nekupa zvavanzwisisa pakudzidza ndima iyi. Boka rinofanira kuratidza muenzaniso wezviriiko mazuva ano unoratidza zvaidzidziswa naJesu mundima iyi kana zvichigoneka. Gadzirira boka rimwe nerimwe mibvunzo inechokuita nezvaive mutsika dzenguva yaJesu nemibvunzo yavanotevedza inotevera muchidzidzo chino. Mapoka anofanira kutora maminiti 20 kuita basa ravo – asi unogona kuvawedzera nguva kana vachiida kuti vapedzise kuita mutambo.

Kana mapoka ose adzoka ita kuti boka rimwe nerimwe risume zvaradzidza nekutevedzana kwemapoka acho.

Zvichetevera zvisumo zvemapoka nyorai pasi vadzidzi vose varimo nzira “dekuda vavengi vedu” kusanganisira nezvapihwa semienzaniso nemapoka apa zvisumo.

### **ZVINOKOSHA KUBATA**

\* Vadzidzi vakadudzira Testamende Itsva kubva kuChigiriki vaneduziro nhatu dzavakagona kuwana pamusoro peizwi rekuti “wakaipa” kana kuti ponero nechigiriki muna Mateo 5:39. Mutauro wechigiriki unogona kutorwa neimwe yenzira nhatu idzi, naizvozvo sarudzo yacho inoda kuitwa tichitarisa mashandisirwo akaitwa izwi nezvaringareva mundima yarakashandiswa.

Sarudzo yekutanga inogona kududzira *ponero* ichireva kuipa kana kuti muipi, naizvozvo inogona kunzi usadzivisa kuipa kana kuti usadzivisa muipi. Dudziro zhinji dzinotora sarudzo iyi. Asiwo Jakobho 4:7 inoti, “dzivisai diabho” sezvo Jakobho achiratidza kutaura zvinopindirana nemharidzo yaJesu pagomo dudziro iyi hairatidzi kupindirana nezvinotaurwa naJakobho. Pamusoro pezvo, 1 Johwani 3:8 inoti, “Mwanakomana wemunhu wakaraidzwa nechikonzero ichi kuti aparadze mabasa ewakaipa”. Kusadzivisa zvakaipa zvinopesana kure nekuraira kwaJesu kuri pachena kwakapihwa naJakobho kumakristu kunyangwewo nechinangwa chaJesu chaakuyira sezvakataurwa naJohwani.

Sarudzo yechipiri ingava yekududzira izwi rechigiriki *ponero* richirevera, “huvepo hwechakaipa” kana hunhu hwechakaipa” sezvimwe zvatingaona pamutaurirwo unoitwa chigiriki zvichiratidza nzvimbo. Naizvozvo dudziro inozoti, “musadzivisa huvepo hwechakaipa”. Iyi dudziro inorema uye haitarisirwi. Ine dambudziko rakangofanana neyokutanga.

Sarudzo yetatu ndeyematauriro echigiriki anoratidza nzira yaitwa chinhu nayo. Dudziro yekuti *ponero* inogona kuva yekuti, “nenzira yakaipa” ichiita kuti ndima iti, “Usadzivisa nenzira yakaipa”. Iyi dudziro inokurumidza kunzwisika uye ichipindirana nezvirimundima yacho. Zvakare inopindirana nezvakataurwa naPauro muna VaRoma 12:21 paakanyora kuti, “Musakundwa nezvakaipa, asi dzivisa zvakaipa nezvakanaka”. **Muono wechidzidzo: huipi hunofanira kudziviswa uye hugokundwa, asi nzira inoshandiswa haifaniri kuva yakaipa asi yakanaka chete.**

\* Jesu arikutaura nevanhu vanoonekwa uye ivo pachavo vachizviona sevasina simba. Vateereri vake ndivo vanhu vairohwa mbama nekuti vaiva vanhu vaiva pasi, vanhu vaisungirwa hembe nekuti vaiva varombo, uye vanhu vaimanikidzwa kuti vatakure mitundu yevarwi vehondo. Jesu akavaudza kuti vanokwanisa kuita sarudzo. Vanesimba rekuita sarudzo. **Muono wechidzidzo: tose zvedu tinesimba rekuita zvinhu tichizvifungira patinowanikwa tichitambudzwa.**

\* Glen Stassen anoshandisa mutauro wekuti “*zviito zvekushandura zvinhu*” kureva sarudzo yatinogona kuita kugadzirisa mhirizonga iyo inodzidziswa naJesu mumharidzo yake pagomo. Jesu anodenda vateereri vake kuti vaite zvinhu zvavanzvifungira pachavo kunyange pavanowanikwa vari munyatwa yekudzvinyirirwa. Vateveri vaJesu vanofanira kuita zvinhu nenzira yakasiyana neinotaririrwa nevadzvanyiriri (Walter Wink anotaurawo nezvozvo achiti, “*nzira yaJesu yechitatu*” pachinzvimbo chezvaingoitwa nevazhinji zvekurwa kana kutiza). Zvaunozvifungira izvi zvinofanira kuva zvinogadzirisa kukonana. Pachinzvimbo chekuenderera mberi nemhirizhonga zvazvifungira munhu izvi zvinofanira kugona kumisa mhirizhonga zvichisimbisa chiremerera chemunhu arikutambudzwa pamwechete nechiremerera chemunhu arikutambudza. Huipi hunofumurwa, huchidziviswa asi panguva imwecheteyo zvichizarura mukana wekutendeuka, kuyanana nekururamisira. Hukama hunovandudzwa nekuti rudo ndirwo rwunofanira kutimanakidza kuti tizvifungire nzira idzi itsva dzekugadzirisa kukonana uye nzira idzi itsva dzakadzidziswa naJesu dzinopa kuzviratidza kwerudo kuneuchenjeri mukati. **Muono wechidzidzo: Zvatinoita munguva dzekumanikidzwa zvinogona kuunza shanduko yakanaka muhukama, kunyangwe hukama hworatidza kuti hahuchina tariro.**

**Zvekuita kuGroup 1:** “*Kana munhu akakurova dama rorudyi, mupewo reruboshwe*”.

**Zvatinoziva mutsika:** Tichida kunyatsotaura zvakananga pamusoro pembama inorova dama rorudyi, Jesu anoreva kuti munhu anenge achikurova nemarambasadza, sezvo iriyo bedzi nzira munhu yaangarova nayo mbama neruoko rwerudyi. Kurova munhu nemarambasadza chinhu chaigona kuitwa chete nemunhu aitorwa semunhu wepamusoro kumunhu aripasi pake. Munguva yaJesu zvaigona kuitwa nemuRoma achirova muJudha, tenzi achirova

muranda wake, murume achirova mukadzi. Muzvinyorwa zvemaJudha pamutemo wenguva yaJesu paiva nemutemo wairipisa munhu kana akarova munhu akaenzana naye pachireremera nemarambasadza. Asi pakanga pasina muripo kana munhu akarova nemarambasadza munhu aiva pasi pake. Kana munhu akarohwa nemarambasadza ariwechireremerera chakaenzana aikwanisa kusungisa amurova agomuripira zvakakura kwazvo nokuda kwekuti anenge amudzikisira chiremerera chake.

**Mibvunzo yekutevera pakudzidza:** ndiani anofanira kunge achirohwa? Ko ndezvipi zvazvinoreva kunge uchirohwa? Ko munhu anopa rimwe dama arikutora nzvimbo yomunhu ari pasi here (ita kuti nhengo dzeboka dziite chitambo ichi zvokuti vanhu vose vanonyatsoona zvinoitika)? Chii chirikuitwa kana munhu achiramba kutyisidzirwa? Kana munhu akapa dama reruboshwe angaramba achingorohwa nekumarambasadza zvirinyore here? Imhando ipi yekurwadziswa panyama ingaitwa? Ko ndezvipi zvingafungidzirwa pamusoro pechiremerera kumunhu anenge arwadziswa panyama saizvozvo? Ko munhu anopa rimwe dama anechaanenge aiita here chinoderedza chiremerera cheuyo anenge achirova? Ko ndezvipi zvinogona kuzoitika kuhukama hwevaviri ava kubva pane zvinenge zvaitwa izvi?

#### **Gadziriro yekupa mutambo:**

Gadzirai mutambo we**drama** kuti mupe chidzidzo chaJesu ichi. Shandisa uchenjeri. Unogona kushandisa zvaitika munguva yaJesu kana kuti zvirikuitika munzvimbo netsika dzenyu.

Kana zvichibvira, ratidzai imwe mienzaniso yezvirikuitika izvozvi kana kuti runyaya rwunonyatsoratidza zvakadzidziswa naJesu – izvozvi zvakaitwa nevanhu vari muboka, kana kuti zvavakaona kana kuti zvavakanzwa.

**Zvekuita kuGroup 2:** *“Kana munhu achida kukukwirira kumutemo kuti akutorere hembe yako yomukati, umutendere nejazi rakovo.”*

**Zvatinoziva mutsika:** Verenga 22:25-27 naDheteronomio 24:10-13. Mamisha enguva yaJesu yakanga yakavakwa nevanhu vaiva neminda mikuru vachishandirwa nevashandi vaive varombo. Vashandi ava vanenge vachigara zvairatidza huranda. Mifananidzo mizhinji yaJesu yairatidza mararamiro aiita vanhu achiburitsa pachena chimiro chehupfumi. Kutu munhu atore chikwereti (kutu awane mbeu yekudyara, semuenzaniso) jazi raitorwa sechibatiso chokuti achazoripa chikwereti chake sezvo varombo vakanga vasina chimwe chinhu chekubatisa kunze kwehembe dzavaipfeka pamiviri yavo. Zvikweret izvi zvakanga zvakanyanya kuoma zvekuti maZiroti paakarwisa muna66A.D. chavakatanga kuita vatora Jerusarema kwaiva kupisa mabhuku ose ezvikwereti akanga achichengeterwa mutemberi. Mabhuku aya ezvikwereti akanga achichengetwa zvakanyatsonaka sechinhu chaizoshandiswa pamutemo senzira yekunyatsoteverera zvose zviri pamutemo.

**Mibvunzo yekutevera pakudzidza:** ndiani akwirirwa kudare redzimhosva pamusoro pejazi rake, mupfumi here kana murombo? Ko izvi zvaitirwei? Ko Jesu akati munhu aitei? Ko munhu anenge apa nhumbi aisara nei? Ko izvi zviratidza chii pamusoro pezvechimiromo chehupfumi mukurarama kwaiita vanhu? Ndiani aizoshorwa nekunyadzisa kwekushama muchiJudha – akashama kana kuti aiona munhu akashama kana kuti munhu wakonzeresha



kushama uku? (Tarisa pana Genesisi 9:18-27; Jobo 22:6 naHabhakuki 2:15 kuti uone kuti kunyadzisa kwekushama kwaishorwa panani.) ko chidzidzo chipi chinodzidziswa nekunyadzisa kwechiitiko ichi? Ko ndeipi sarudzo inenge yatarisana neuya arikukwirira murombo kudare?

### **Gadziriro yekupa mutambo:**

Gadzirai mutambo we**drama** kuti mupe chidzidzo chaJesu ichi. Shandisa uchenjeri. Unogona kushandisa zvaitika munguva yaJesu kana kuti zvirikuitika munzvimbo netsika dzenyu.

Kana zvichibvira, ratidzai imwe mienzaniso yezvirikuitika izvozvi kana kuti runyaya rwunonyatsoratidza zvakadzidziswa naJesu – izvozvi zvakaitwa nevanhu vari muboka, kana kuti zvavakaona kana kuti zvavakanzwa.

**Zvekuita paGroup 3:** *“Aninani unokumanikidza kuenda newe maira imwe uende naye mbiri.”*

**Zvatinoziva mutsika:** Varwi vechiRoma vaigona kumanikidza vanhu kutakura mitundu yavo asi kwewendo rwemirioni yechiRoma (rwendo rwenhanho dzingakwana chiuru zvinoita kuti vechiRungu vati maira). Kuita uku kwaiita kuti mauto echiRoma ave nesimba, asiwo kuti rwendo racho rwuve neparunogumira zvinoratidzawo simba remurairo wechiRoma. Murairo waivamanikidza kuti vave nepokugumira waiitirwa kuti vanhu vasazonyanyise kuvagumbukira, asi maJudha aingoona izvozvo zvacho senzira yekudzvanyirirwa nenzira inogwadza.

**Mibvunzo:** ndiani aimanikidzwa kufamba maira imwe chete? Musoja wainzwa sei apo aimanikidza munhu kutakura mitundu yake kwemaira imwechete? Ainge amanikidzwa kutakura mitundu iyi wainzwawo sei? Paizovanehukama hwakadini? Ukama uhu hungashanduka zvakadini kana amanikidzwa kutakura maira imwechete akazvisarudzira kuti atakura zvakare kwemaira yechipiri? Kana murairo uchiti munhu anofanira kutakudzwa kwemaira imwechete, nderipi dambudziko rinenge ratarisana nemusoja kana munhu waamanikidza akatakura mutundu wake kwemaira rechipiri? Musoja anonzwa sei? Ndiani ave nesimbna pamusoro pezvavekuitika? Ndehupi hukama hwaumbwa nechiiito ichi?

### **Kugadzirira kuita mutambo:**

Gadzira mutambo we**drama** mupfupi kuti muratidze chidzidzo chaJesu ichi. Ita zvineungwaru nepaungafunga napo. Unogona kushandisa zvaizivikanwa mumazuva aJesu kana kuti zvaunoziva zviriko munzvimbo mako.

Kana zvichigoneka, tsvaka umwe muenzaniso wezviriko mazuva ano kana runyaya rwunoratidza zvimwechete nezvakadzidziswa naJesu – pamwe zvimwe zvakaitwa nevari muboka rako, kana zvavakasangana nazvo kana kuti zvavakanzwa nezvazvo.

## CHIDZIDZO 14

### KUPA MUVENGI ZVOKUDYA

NDIMA: 2 Madzimambo 6:8-23

### ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA

VaIsiraeri vakanga vaparadzana vakaita hushe huviri mushure mehutongi hwaDhavhiti naSoromoni: VaIsiraeri kumaodzanyemba navaJudha kuchamhembe. Erisha akanga arimuporofita mukuru muIsiraeri panguva iyi. Siria yakanga iri kumaodzanyemba kweIsiraeri iri nyika yairwisana nevaIsiraeri nevaJudha.

### ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO:

Kamura vadzidzi kuita zvipoka zviduku kuti vaverenge nekudzidza ndima vachishandisa mibvunzo inotevera. Kumbira boka rimwe chete kuti risume zvaradzidza. Kumbira vamwe kuti vasataure chidzidzo chose asi kuwedzera zvisina kutaurwa nevamwe. Kana vatauri vose vapedza mudzidzisi anogona kupa zvidzidzo zvinenge zvisati zvitauro obva apa pfupiso yerunyaya rwacho.

### Mibvunzo ichashandiswa nezvipoka pakudzidzidza:

Yaiva mhando ipi yekukonana?

Mwari akaita munana upi mukukonana uku?

Hondo yevaSiria yapofumadzwa ndezvipi zvakaitwa naErisha zvakashandura zvaida kuitika muchitiko ichi? Ko zvakaitwa naErisha zvakakonesa nenzira ipi zvaitarisirwa kuzoitika mukukonana uku? Ndezvipi zvaitarisirwa kuti zviitwe kuhondo yevaSiria?

Zvakaitwa naErisha zvakaita kuti zvinhu zvimire sei?

Pakusuma runyaya itai mutambo *wedrama* unoratidza kuti zvakafamba sei Erisha achitungamirira hondo yevarwi vavamapofu kubva kuDotani kunosvika kuSamaria (rwendo rwemakiromita gumi nemasere 18km). Batsira vadzidzi kuti vanzwisise kuti zvaishamisa sei kuti muporofita mumwe chete asina zvombo achitungamirira zviuru zvevasoja kufamba rwendo rurefu zvakadai. Pamwe vakanga vakaita mutsara murefu vakabatana maoko kubva kunowokutanga akabata Erisha waivatungamirira. Shandisa maonero ako kuti unyatsoratidza kushamisa kwazo kuti hondo yevaSiria pakazarurwa meso avo vachiona vasisina zvombo vari muguta guru revavengi vavo vakapoteredzwa nehondo yevaIsiraeri pamberi pamambo wevavengi vavo vakatogadzirira kuvaparadza. Usangotaura chete zvakaitika asi taura uchiratidzira nezviito.

(Kana mudzidzisi achida kupfupikisa zvidzidzo anogona kubatanidza chidzidzo 14 nechidzidzo 15 kuita chidzidzo chimwechete. Ita mapoka akasiyana vadzidze ndima imwe neimwe vagopa zvisumo kukirasi yose mudzidzisi ozopedzisa achitevedza chisumo chimwe nechimwe zvaitwa nemapoka).

## ZVINOKOSHA KUBATA

\* Kukunda kusina kudeura ropa kwakaitwa hondo yeVaSiria kwakaitwa zvichisanganisa munana wesimba raMwari pamwechete nezvakaitwa naErisha achipa vavengi zvokudya. Mwari anoshanda uye vanhuwo vanoshanda. Zvakaitika muhupenyu inhorooondo yezvishamiso zvisina kumbotarisirwa, asiwo zvinosarudzwa nevanhu zvinoita kuti pave nezvakanaka zvinogadzirisa kukonana kana kuti kuwedzera kukonana. Enzanisa runyaya urwu nendima iri panaZvirevo 25:21-22 navaRoma 12:19-21. **Muono wechidzidzo: Mabasa emutsa nengni anogona kupedza simba rekurwisa kuri mumoyo wemuvengi.**

\* v. 23 inoti, “Zvino hondo dzavaSiria hadzina kuzopinda munyika yaIsraeri.” Ndimba 24 inopinda murunyaya rwunotevera rwedzimwe hondo dzakazoitika pakati peVaIsraeri neVaSiria. Nokuti ndima idzi dziripedyo napedyo zvirinyore kutadza kuona simba rezvakaitwa naErisha remutsa nengoni kuvavengi vake ava. Zvaakaita zvakamisa mabasa ekurandha aigaro itwa neVaSiria. Runyararo rwakavapo kwenguva yakati kuti pakati pavo. Nguva yerunyararo haina kutaurwa zvakananyanya kunze kwemazwi mashoma iwaya. Nguva yerunyararo hainakidzi vanyori kutaura nezvayo, asi nguva iyi inguva inonakidza kune avo vanenge vararama mairi. **Muono wechidzidzo: Usamhanyirira kuenda panyaya inotevera asi wana nguva yekuyemura nguva yakava nerunyararo.**

## **CHIDZIDZO 15**

### **KUSATEERERA KUTSVENE**

**NDIMA: Ekisodho 1:15-22**

#### **ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA:**

Zvizvarwa zvaJakobho zvakagara muIjipita vatiza nzara muKenani panguva iyo mwanakomana waJakobho, Josefa aiva mutongi waFarao aive nesimba. Mukufamba kwenguva kutonga kwaJosefa kwakatanga kukanganwika muIjipita. Farao akaita vaHeberu nhapwa achitya kuti kuwanda kwavo muIjipita. Farao uyu akawanza mabasa aaivaremedza nawo.

#### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO:**

Kamura vadzidzi kuita zvipoka zviduku kuti vaverenge nekudzidza ndima vachishandisa mibvunzo inotevera. Kumbira boka rimwe chete kuti risume zvaradzidza. Kumbira vamwe kuti vasataure chidzidzo chose asi kuwedzera zvisina kutaurwa nevamwe. Kana vatauri vose vapedza mudzidzisi anogona kupa zvidzidzo zvinenge zvisati zvitauro obva apa pfupiso yerunyaya rwacho.

#### **Mibvunzo ingashandiswa nemapoka madiki pakudzidza:**

VaHeberu vakanga vari muchimiro chezvinhu chakadini?

Shifura naPua vakarairwa kuti vaitei? Ndezvipi zvaigona kuvawira?

Shifura naPua vakaitei? Ko zvavakaita zvaitorwa sei pamirairo yamambo?

Shifura naPua vakashandisa sei kusaziva kwevaIjipita kuti vatsigire zvavakaita? Panenzira here dzinogona kushandiswa kuti mushandure zvinhu nekuda kwekusaziva kweavo vanesimba?

Unofungei nehunhu hwemadzimbunya shifura naPua pakureva nhema kwavakaita kunaFarao? Ko sei Mwari akavapa mhuri dzavo pachavo (kuvaitira zvakanakaka uku – ona vv.20, 21)?

**Gakava** rinogona kuitwa pakati pemativi maviri: Rimwe richitsigira zvakaitwa nemadzimbunya kurevera mambo nhema kuti vadzivirire kuparadzwa kwevanhu vazhinji: uye rimwe divi richitsigira kuti vangadai vasina kureva nhema nekuti kureva nhema chivi pachako.

#### **ZVINOKOSHA KUBATA**

\* Shifura naPua vakaiswa pachinzvimbo chakanga chakaoma sevanhu uye pane zvaitarisirwa setsika dzakanaka. Vaigona kuti vave vaurayi vevana vehama dzavo kana kuti vaitopikisa murairo wamambo wenyika anesimba guru kwazvo aizikanwa panguva iyoyo. Pairatidzika sechiitiko chakaoma chisina kwekunzvengera; parumananzombe chaipo, asi vakawana nzira yakachenjera yekupukunyuka nayo kuti vasauraya vana asizve vasazopiwa mhosva

yekusateerera mambo. Vakaponesa vana vazhinji vavaHeberu. **Muono wechidzidzo: Panoita sekuti parumananzombe funga zvakare utarisise kana ungawana nzira yakachenjera inopfuura zvinopikisana mudariro.**

\* Kureva nhema kunaFarao kwakanga kuri kutadza here? Kune rumwe rutivi ndiwo mutongo waigona kupiwa kumadzimbuya. Asiwo kune rumwe rutivi kutaura chokwadi kwairatidza kuti kwaigona kuita kuti vaurawe uye kugozoiswa mamwe madzimai aizogona kuuraya vana vavaHeberu vechikomana. Bhaibheri rinotonyatsoti nekuita kwavo uku “**vakatya Mwari**” ivo vakaropafadzwa nemhuri dzavo pachavo chinova chiratidzo chekuitirwa nyasha naMwari. Saka ndezvipi zvakakosheswa mundima iyi? **Muono wechidzidzo: kuita zvakakanaka munguva dzekumbukinyikidzwa kunogona kuva chinhu chakaoma kupfuura zvingaitwa nemunhu anoita zvakakanaka panguva isina kumanikidzwa.**

## **CHIDZIDZO 16**

### **KUITA ZVIITO ZVINORATIDZIRA**

**NDIMA: Ruka 19: 28-44; Isaya 20:1-6; Jeremia 32: 1-15.**

### **ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA:**

Vaporofita vaizikanwa nekutaura shoko raMwari kuvanhu panguva dzavakararama. Dzimwe nguva vaporofita vaishandisa zviito zvekuratidzira semifananidzo mitambo inenge yemadrama kuratidzira kuvanhu voruzhinji kuti vape dzidziso kana mharidzo. Dzimwe nguva mifananidzo yaiudza vanhu zvekuita. Zvavaiita zvaitaura kuzviitiko zvainyatsozikanwa, zvichitaura mashoko ekutonga kuchauya kana tariro yekurarama kana kuti kutenda kwaidiwa muvanhu kuti vasarudze kusiya zvakaipa zvavo. Dzimwe nguva zviito zvavo zvairatidza zvaifanira kuitwa naMwari kunyika.

Isaya akaporofita panguva apo Judha yakanga yatarisana nenyika inesimba yeAsiria nechekumaodzanyemba. Judha yakaedzwa kuti itsvake kubatana neimwe nyika inesimba yeIjipita kuchamhembe kwayo. Isaya nevamwe vaporofita vaiwanzotaura pamusoro pekuti Judha kana Isiraeri ingavimbe nedzimwe nyika here ichisiya kutarira kunaMwari kuti vawane chengetedzo.

Jeremia akanga akatarisana nedambudziko raizowira nyika. VaBhabhironi vakakomberedza Jerusarema, naizvozvo rakanga roda kudonha. Pakanga pasisina tariro pane zvaitika. VaBhabhironi vaiwanzotora vanhu vazhinji vaitarisira kufa kana kuendwa navo senhapwa kunyika irikure.

Jesu akararama panguva iyo vaJudha vaiva pasi peutongo hwechiRoma. Kwakava nezvimurenga zvakawanda zvakamukira Roma zvese zvakaparadzwa zvakaipisisa kwazvo. Kugunun'una kwevanhu veruzhinji kwairamba kuchikura pamusoro peutongo hwechiRoma uye netarisiro yekuti Mesiya aizouya kuzozadzisa chiporofita chekuti bukira raDhavhiti richagara zvakare pachigaro chekutonga chigounza runyararo, rusununguko, dziviro nekukurama zvakare. Zakaria akaporofita kuuya kwamambo murunyarararo muJerusarema achiuya nekuzvinipisa akatasva mwana wembongoro (Tarira pana Zakaria 9:9-10). Kupikisa kwaJesu kwaikwirira uye Jesu akanga ataura kuti aizourawa muJerusarema.

### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO**

Tsaura vadzidzi kuita mapoka matatu upe ndima imwe kuboka rimwe nerimwe pandima idzi:

Ruka 19: 28-44

Isaya 20: 1-6

Jeremia 32: 1-15

Boka rimwe nerimwe ngarikurukure nekupindura mibvunzo inotevera inoenderana nendima yavanayo;

Ndezvipi zvakaitika pakukonana kurikuwanikwa ndima iyi?

Ndezvipi zvakaitwa nemuporofita kana kuti Jesu?

Zvakaitwa zvinorevei?

Ndezvipi zvakaitwa navanhu sedavidzo kuchitiko ichi kana zviripo zvakaraidzwa?  
Ko ndezvipi zvokuti vanhu vaigona kuita?

Mutauriri weboka roga roga ngaasume zvadzidzwa kuboka ravo. Kana zvisumo zvapera kumbira vadzidzi kuti vadome zvimwe zvinhu zvavaona zvichifanana mundima nhatu idzi. Nyora pachidziro zvakafanana izvi. Ipa vadzidzi mukana kuti vataure dzimwe nyaya dzezvavakaona, kana zvavakaverenga pamusoro pazvo, kana zvavakava chikamu chazvo zvikava chiito chekuratidzira kuruzhinji chine zvachaitaura kukukonana.

Kurukurai pamwe chete:

Zviito zvekuratidzira zvinogona kubudisei?

Ndeapi matambudziko anofanira kusanganwa nayo pakuratidzira uku?

Ndezvipi zvinopa simba zviito zvekuratidzira izvi?

## ZVINOKOSHA KUBATA

\* Dzimwe nguva chiito chekuratidzira chinogona kungouya pakarepo munhu achidavira kunezvirikutoitika. Asi mundima nhatu idzi kuronga kwairamba kuchitwa kwaidikanwa. Jesu akagara atogadzirira kuti mbongoro ivepo asati apinda muJerusarema zvekuti akatoudza vadzidzi vake zvaizotaurwa pakunotorwa mbongoro muguta. Jeremia akaita hurongwa hwekutenga munda, kusanganisira nematsamba aidiwa pamutemo kuti munda uve wake. Isaya akaita chiratidzo: Kuronga nekushingirira kunogona kuve chiito chekuratidzira simba rine chinangwa nekuita kuti vanhu vade kuona.

\* Chimwe nechimwe chezviito zvekuratidzira kunyangwe chaisanganisira vamwe chakatangwa nekumiswa nemunhu mumwe chete. **Muono wechidzidzo: Munhu mumwe chete anogona kuunza shanduko.**

\* Muporofita mumwe nemumwe (Kusanganisira naJesu semuporofita) vakataura kana kunyora senzira yekupa shoko. Izvi zviito zvenzira yaksiyana yokutaura. Asiwo chiito chekuratidzira imharidzo yekuti vanhu vazhinji vanorangarira zvikuru. **Muono wechidzidzo: Kuita kunotaura zvinesimba kudarika mashoko, saka tsvaka nzira dzezviito zvinotaura mharidzo zvakajeka zvinesimba.**

Asiwo, kubatanidza nemashoko nyangove akanyorwa kana kutaurwa zvinobatsira kududzira zvinoreva chiito chekuratidzira kune avo vanoona.

## **CHIDZIDZO 17**

### **KUKUNDA ZVAKAIPA NEZVAKANAKA**

**NDIMA: VaRoma 12:9-21**

### **ZVAKAPOTEREDZA RUNYAYA**

Tsamba yaPauro kuvaRoma ishoko guru pamusoro pekudzidzisa nezvatingatenda nezvaMwari. Zvitsauko 12 ne 13 ndiwo muzongoza wekunzwisisa tsika dzechikrisu. Dzidziso pamusoro pemurairo, Kristu, nyasha, kudzikinurwa, kuponeswa, nehupenyu hutsva zvinechekuita nemararamiro atinofanira kuita. Saka chitsauko 12 inotanga ichiti, “Ndinokumbira zvikuru kwamuri hama dzangu netsitsi dzaMwari ...” Nokuda kwezvatakaturwa naMwari kwatiri nemuna Kristu mararamiro edu anofanira kuratidza Kristu matiri. Zvitsauko 12 ne13 zvinoratidza kuti tingarame sei zvinoenderana nezvakaitwa naMwari munaKristu.

Ndima 9-21 zvakanyorerwa kuraira. Zvinobata nyaya dzakawanda mumazwi mashoma shoma. Dingindira renyaya yose nderekurama upenyu hweshanduko sezvakaratidzwa pandima 1 na2. Ndima dzinotaura nyaya imwe chete nemharidzo yaJesu pagomo, izvo zvisingafaniri kutishamisa nekuti sezvo Mateo 5-7 ine hudzamu hwedzidziso yaJesu maererano netsika nemagariro mumavhangeri.

### **ZVEKUITA PAKUDZIDZA NEMIBVUNZO YACHO:**

Tsaura vadzidzi kuita mapoka madiki kuti vaverenge ndima iyi vachishandisa mibvunzo inotevera:

Pauro arikuitei mundima iyi?

Unofunga imhando ipi yekukonana ingadaro ichigadziriswa nezvirikuitwa naPauro?

Ndedzipi nzira dzakananga dzezvinoitwa kuti pave nerunyararo dzakanyorwa naPauro?

Nzira idzi dzingashandura kukonana sei?

Kuboka nevadzidzi rinonyatsoziva Bhaibheri zvirinani ungada kuvadenha nekuvati vatsvake zvavanoona zvakafanana padzidziso yaJesu pagomo pana Mateo 5-7 nedzidziso yaPauro. Ndezvipi zvatarwa naPauro pana vaRoma 12:9-21 zvakanyatsotaurwa nenzira yakanyatsofanana muna Mateo 5-7.

Vatendere kuita hurukuro iyi mumaminitsi 20 -30. Ngavachidzoka pamwe chete pove nemutauriri weboka roga roga anotaura zvavawana. Chipa nepapfupi zvidzidzo zvose zvakaita mubhuku rino. Taura zvakare zvikamu zvine zviitiko zvinorangarirwa nevadzidzi. Nyorai pasi zvimwe zinhu zvamakadzidza.



Udza boka kuti chikamu chinokosha chirikuuya: zvii zvichaitwa nevadzidzi neruzivo rwavakawana mune zvavanosangana nazvo. Ita vanhu vatsinzine maziso avo vafunge pamusoro pekukonana kwavari kusangana nako izvozvi. Vabvunze:

Ndivanani kana kuti mapoka api arimo mukukonana uku?

Ndezvipi zirikunetsa mukonana uku sekunzwisisa kwako?

Ndezvipi zvirikubatikana nazvo boka roga roga mukukonana uku?

Vanhu varikutaurirana chii mumwe kune mumwe?

Chii chisina kugadziriswa mukukonana uku?

Chiita dzokororo yezvamakadzidza mubhuku rino. Ita vadzidzi vazarure meso avo uye kuti vafunge chinyararire kwemaminitsi 5 pamusoro pezvinhu zvingaita zvitatu zvavangaita mukukonana ikoko zvingaita kuti kukonana kugadzirisike. Kurudzira kuti vadzidzi vafunge zvekuti zvakananga vachinyatsozvitsanangura zvakajeka pamusoro pekuti vangaiti.

Ita kuti vadzidzi vagare vatatu vatatu kana kuti vana kuti vagoverane pfungwa dzezvavawana zvavangaita zvinechekuita nekukonana. Kana zvimwe zvakanyanya kudzama munhu asingadi kutaura pamusoro pazvo remekedza zvishevo zvake. Vakurudzire kutaura zvose zvavangada kutaura vakasununguka mumapoka madiki aya. Tendera kuti mumwe nemumwe atore 3 minitsi: Taura kana nguva yekuchinjana yasvika kuti mumwe ataurewo. Ita kuti mapoka madiki vanyengetererane kwemaminitsi 5. Ngavanyengeterere kukonana mumwe nemumwe kwaarikusangana nako uye zvavazvipira kuti vaite mukugadzirisa kukonana ikoko.

Pedzisa nekuita denderedzwa. Tenda vadzidzi nebasa ravo pakudzidza kwose kwakaitika. Chifamba uchitevedza denderedzwa kutanga nearikurudyi rwako. Ita mumwe nemumwe ataure zvaakadzidza neizwi rimwe chete kana kuti nemazwi mashomanene pamusoro pezvaakabata pakudzidza, kuda chingava chidzidzo, pfungwa, unhu, muono mutsva, chero chinhu chavangada kutaura. Semudzidzisi ungapedzisirawo neshoko rimwe mudenderedzi. Pedzisa nekupa munyengetere wekuropafadza nerugare kuboka.

## ZVINOKOSHA KUBATA

\* Ndima 20 yakatorwa pana Zvirevo 25:21-22. Kuita zvakanaka kuvavengi haisingoridzidziso yemuTestamende Itsva asi idzidziso inemidzi muTestamende Tsaru. “Kuunganidza mazimbe emoto” pamusoro wemunhu mutauro unemidzi kuchikare chemabvazuva mutsva yekutakura gango rinemaratya anopisa pamusoro sechiratidzo chekuva nenyadzi kana kupfidza zvakaipa. Kupfeka “masaga nemadota” chiito chakafana. Chiito chekupa chekudya kana chekunwa kumuvengi zvinounza nyadzi kumuvengi zvinoita kuti ashandure moyo wake. Ndiyo nzira yekukunda chakaipa nechakanaka. **Muono wechidzidzo: Imwe nzira yekukunda chakaipa nechakanaka ndeyekuunza shanduko mumoyo wemuvengi nekumuitira mabasa erudo.**

\* Ichi ndicho chidzidzo chekupedzisira mubhuku rino. Zvinokosha kuti vadzidzi vaise muhupenyu hwavo zvavadzidza kugadzirisa kukonana kuri muhupenyu hwavo. Nguva inopedzwa munhu achifunga kuti angagadzirisa sei kukonana kwavo inokosha, inogonawo kuva nguva inorema kunevamwe nekuda kwekuti kukonana kwavanenge vachifunga nezvako kunenge kwakanangana nehupenyu hwavo uye kunenge kuchirwadza. Remekedza chido cheumwe kana asingadi kugovera asi kurudzira munhu wose kuti afunge nezvekukonana kwake uye kuti vashandise zvavadzidza mukukonana kwavo. **Muono wechidzidzo: zvinotaura Bhaibheri pamusoro pekukonana zvinogona kushandiswa mukukonana kwezva nezva kwatinosangana nako zvisinei kuti kwakakura zvakadini.**

## KWAZVAKABVA

Zvatinowana muzvidzidzo zveBhaibheri izvi zvakarunzirwa nevanhu vazhinji, naizvozvo pane zvinotevera zvakaitwa nevamwe zvakaratidzwa.

Sezvakaraidzwa pamavambo zvakanyorwa pamusoro pamadzidziro anoita vanhu nenzira dzinobatsira pakurangerira zvadzidzwa vevarikumahombekombe, pfungwa yepaunenge wakadekara, usina kudekara, nekutyiswa yakawanikwa muzvidzidzo *zveTraining for Change* boka rinodzidzisa nezveshanduko mumagariro evanhu riri muPhiladelphia. Zvizhinji zvinondibata ndakazvishandisa kugadzira bhuku muzvinhu zvandakasangana nazvo mumaprogramu *eTraining for Change*.

Pfungwa yekukonana senzvimbo tsvene ndakatanga kuinzwa kubva kumaMenonites neve*Menonite Conciliation Services*. John Paul Lederach akaita nhanho nomwe dzekugadzirisa kukonana pakugarisana kwevanhu dzinowanikwa mu*Mediation Training Manual* rakabatwa ne*Menonite Conciliation Services*. Zvidzidzo zviripamusoro paEsau naJakobho zvakatanga kudzidziswa naJohn Lederach. Ndakadzidza nzira iyi kubva kuna Marinetta Cannito Hjort patainge tichidzidzisa vamwe vanoitawo zvekudzidzisa kuItaly, akanga avandudza zvaakadzidza kunaJohn Paul Lederach.

Mharidzo yaClarence Jordan pamharidzo yaJesu pagomo ndiyo yakatanga kundibetsera kunzwisisa dudziro yechakaipa kubva muchiGiriki *ponero* munaMAteo 5:39. Izwi rekuti zviito zvekugadzirisa kukonana rakabva kunaGlen Stassen raanoshandisa mubhuku rakanzi, *Just Peacemaking Transforming Initiatives for Justice and Peace*. Zvizhinji zvinechekuita nezvatinoziva patsika muchitsauko 13 zvinobva mubhuku raWalter Wink inonzi *Violence and non-violence in South Africa: Jesus' Third Way*. Vadzidzisi nevatungamiriri vezvidzidzo zveBhaibheri nguva dzose vanotsvaka nzira dzekuvandudza zvavangapa kuvadzidzi vavo. Mudzidzisi akanaka anofanira kutanga kuva mudzidzi akanaka. Vanhu vazhinji vakandidzidzisa mukurarama. Vanhu vaviri vakandiratidza kvanhu vatinowana muzvidzidzo zveBhaibheri izvi: Gustavo Parajon akandiratidza nezva”Abhigairi” naCindy Weber akandizivisawo “Rizpa”, Nyaya dzemadzimai maviri aya dzakapfumisa basa rangu rekuvaka rugare uye zvakadenga vanhu vandakaita navo zvidzidzo izvi zvakasimba.

## **MABHUKU ATINGAVERENGA**

Kana unchigona kusvika panotengeswa mabhuku kana kuti dura ramabhuku paSeminari kana kuti paUnivhesiti, mabhuku anotevera anobetsera kudzidza nyaya yekuita rugare.

Buttry, Daniel L., *Christian Peacemaking: From Heritage to Hope* (Judson Press, 1994).

Cupit, Tony, *Peace I Leave With You: Bible Studies for Churches on the subject of Peace* (Baptist World Alliance, 2001)

Munayer, Salim J., editor, *Seeking and Pursuing Peace: The Process, the Pain and the Product* (Musalaha, 1998)

Stassen, Glen, *Just Peacemaking: Transforming Initiatives for Justice and Peace* (Westminster/John Knox Press, 1992)

Wink, Walter, *Naming the Powers: The Language of Power in the New Testament* (Fortress Press, 1984)

Wink, Walter, *Unmasking the Powers: The Invisible Forces that Determine Human Existence* (Fortress Press, 1986)

Wink, Walter, *Engaging the Powers: Discernment and Resistance in a World of Domination* (Fortress Press, 1992)

Wink, Walter, *Violence and Nonviolence in South Africa: Jesus' Third Way* (New Society Publishers, 1987)

Mabhuku aya anopa nyaya kubva munyika dzakasiyana pasi rose maererano nekuta rugare. Nyaya zhinji dzacho dziri pamusoro pemakristu. Mabhuku aya anopa zvekushandisa mubasa racho pamwe chete nemanzwisiro ekuita basa racho:

Baum, Gregory and Wells, Harold, editors, *The Reconciliation of Peoples: Challenge to the Churches* (Orbis Books, 1997)

European Center for Conflict Prevention, editors, *People Building Peace: 35 Inspiring Stories from around the World* (European Center for Conflict Prevention, 1999)

Gracia, Ed, editor, *Pilgrim Voices: Citizens as Peacemakers* (Manila University Press, 1994)

Herr, Robert and Herr, Judy Zimmerman, editors, *Transforming Violence: Linking Local and Global Peacemaking* (Herald Press, 1998)

McManus, Philip and Schlabach, Gerald, *Relentless Persistence: Nonviolent Action in Latin America* (New Society Publishers, 1991)

Schrock-Shenk, Carolyn and Ressler, Lawrence, editors, *Making Peace with Conflict: Practical Skills for Conflict Transformation* (Herald Press, 1999)